: Wis amung kari ngendika pundhutanmu apa, tak sembadani. Iku wis gumantung aneng atiku kekalih, bebasan kaya apa rasaning pati yen durung entuk elmumu, elmu sampurnaning urip sampurnaning pati.

PUJANGGA DEWA

: Iya tak ngendikakake aja kaget.

WERKUDARA

: Mara ta dingendikakake.

PUJANGGA DEWA

: *Aku mundhut sesaji panggang Semar.*

Keterangan:

*Gending Sampak, laras slendro Pathet nem. Gending suwuk, dilanjutkan ginem.*

PUJANGGA DEWA

: *Mundhut sesaji panggang Semar.*

WERKUDARA

: *La kok panggang Semar ki kepiye.*

PUJANGGA DEWA

: *Aku butuh Semar, bandanen gawa mrene. Bakal kanggo sesaji tak gawe panggang. Yen dyan Werkudara Arjuna nyandikani dhawuhipun bapa, saguh nganakake sesaji panggang Semar, tak tampi anggone suwita marang pun bapa.*

Keterangan:

*Gending Sampak, laras slendro Pathet nem, Janaka berbalik arah membelakangi Pujangga Dewa dan bersimpuh di depan Werkudara. Gending suwuk, dilanjutkan Suluk Sendhon Tlutur, laras slendro pathet nem, kemudian ginem.*

JANAKA

: *Kang mas Werkudara.*

WERKUDARA

: *Jlamprong adhiku piye.*

JANAKA

: *Aluwung mboten meguru kemawon mboten napanapa. Tinimbang mangke kang mas minangkani pundhutaning guru, badhe ngorbanaken kakang Badranaya.*

Keterangan:

*Gending Ayak-ayak Tlutur, laras slendro pathet nem. Gending suwuk, dilanjutkan suluk Sendhon Tlutur, laras slendro pathet nem, kemudian dilanjutkan ginem.*

PUJANGGA DEWA

: *Kula mboten meksa, parikedah raden Werkudara lan Arjuna kedah ndamel sesaji panggang Semar, kula mboten meksa nyumanggakaken penjenengan kekalih. Badhe mlebet dados murid kula, nampi elmu sampurnaning gesang sampurnaning seda kedah saget ngaturaken sesaji panggang Semar dhateng guru.*

JANAKA

: *Aluwung kondur kemawon, mboten estu meguru.*

WERKUDARA

: *Jlamprong kaya bocah cilik, wong wis nduwe keniatan kudu bisa kasembadan. Yen koe ora wani,*

*ora tegel mesakake Semar dipanggang, koe aja nganti weruh, mleuba marang dodot kampuh poleng bang Bintulu adi.*

Keterangan:

Gending *Sampak, laras slendro Pathet nem.* Werkudara memasukan raga Janaka ke dalam *dodot kampuh poleng bang Bintulu adi*, gending *suwuk*, kemudian *ginem*.

WERKUDARA

: *Bapa guru.*

PUJANGGA DEWA

: *Raden Werkudara kados pundi.*

WERKUDARA

: *Nyuwan pamit. Ora bakal suwe aku teka mrene, yen wis nggawa panggang Semar.*

Keterangan:

Gending *Sampak, laras slendro Pathet nem.* Werkudara berpamitan kepada Resi Pujangga Dewa, untuk mencari Semar dan membawanya ke Astina sebagai tumbal sesaji. Werkudara dibedhol, kemudian dientas ke gawang kiri. Pujangga Dewa *tanceb* menghadap Sengkuni yang berada di belakangnya, Sengkuni merangkul Pujangga Dewa, kemudian *tanceb* berhadapan. Gending *suwuk*, kemudian *ginem*.

SENGKUNI

: *Anak resi pitados kalih Werkudara, Werkudara mpun ngaten menika temtu duka lampah kados pundi badhe tega tegel kalih kakang Semar. Lha mangke menawi kakang Semar sampun saget dipun damel sesaji.*

PUJANGGA DEWA

: *Pitados, pandhawa badhe tumpes kelor. Awit Semar niku rak jimat urip wulu cumbu panakawaning pandhawa. Semar pejah pinanggang dening Werkudara lan Janaka, temtu apes bilahine sampun cedak. Pitados kemawon.*

DURNA

: *Bujog, kula bombing sanget (Durna nembang)*

Keterangan:

Iringan *tembang kula bombong banget* yang dilantunkan oleh Durna, Durna menyela pembicaraan Pujangga Dewa dan Sengkuni, dengan *nembang kula bombong sanget*. Durna tampil dari gawang kanan, kemudian *tanceb* berhadapan dengan Pujangga Dewa. Pujangga Dewa *tanceb* digawang kiri menghadap Durna dan Sengkuni yang *tanceb* digawang kanan. Iringan *suwuk*, kemudian *ginem*.

DURNA	: <i>Dangu mijet wohing ranti, Werkudara lan Janaka niku sampun ngertos dhateng elmu sae. Awit Werkudara Janaka niku murid kula, kasihan kula. Nika mboten kemba-kemba mejahi Semar nanging, saget ngertos ing mangke-mangkenipun elmu sampurnaning urip, sampurnaning pati. Niku mpun leres, ning mangke tundhanipun kados pundi.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Semar pejah temtu pandhawa badhe nututi tumpes kelor.</i>
DURNA	: <i>Nah niku ingkang kula pados sampun pinten-pinten taun kemawon. Bratayuda niku temtu dados, sedaya para nujum ajar pendhita resi menika sampun ngendikakaken, bratayuda pandhawa ingkang badhe unggul. Lah menawi bratayuda pandhawa ingkang unggul, dereng wonten bratayuda pandhawa sampun telas, syaratipun Semar dipun panggang, heeehhh.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Lajeng keparengipun.</i>
DURNA	: <i>Sampun, anak prabu sampun sekeca manjing wonten sanggar palanggatan. Badhe nelasaken nyenyuwun nugraha peparinging gusti ingkang murbengrat. Kersanipun anak resi mugi saget dumugi dinten sakmangke ugi.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Inggih, pitados kemawon.</i>
DURNA	: <i>Lajeng kersanipun.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Ingkang setunggal, badhea kados pundi wahyu cakraningrat niku sampun manjing dhateng Bimanyu.</i>
DURNA	: <i>lajeng.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Bimanyu kedah pejah.</i>

Keterangan:

Gending Sampak, laras slendro Pathet nem. Gending suwuk, dilanjutkan ginem.

DURNA	: <i>Syaratipun menapa.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Mangke kula ingkang badhe damel.</i>
DURNA	: <i>Bimanyu kedah pejah.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Inggih.</i>
DURNA	: <i>Bujog-bujog.</i>

PUJANGGA DEWA	: <i>Awit Bimanyu menika rak titising widawati, ingkang sampun kedunungan wahyu cakraningrat. Badhea kados pundi menawi Bimanyu mboten pejah sakderenge bratayuda, Ngastina mboten saget kalajengake putra wayahipun yayi prabu Suyudana.</i>
DURNA	: <i>Leres, leres. Petang-petung kula nggih kados niku, sami mawon. Lajeng kados pundi.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Kula aturi mirsani jimat samber nyawa.</i>

**Keterangan:**

*Gending Sampak, laras slendro Pathet nem. Gending Sampak beralih menjadi Palaran, Pujangga Dewa mengeluarkan pusaka samber nyawa. Setelah sajian Palaran, irangan pakeliran kembali menjadi Gending Sampak. Gending sirep, dilanjutkan ginem.*

DURNA	: <i>Anak resi Pujangga Dewa.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Menapa ingkang dereng bapa penemban ngertosidhateng sedya kula ingkang sejati.</i>
DURNA	: <i>Inggih, Lha Niku ing semu wasiat sakkalangkung gawat. Anak resi ngaturi wasiat samber nyawa ingkang dipun ngendikakaken, lungguhipun ingkang bapa kaprabawan.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Inggih, menika wasiat samber nyawa. Menapa malih pada, dewa kemawon mboten wantun nampeni landheping wasiat samber nyawa menika.</i>
DURNA	: <i>Inggih, inggih. Lajeng kersanipun.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Lha niki, Bimanyu Gathutkaca yen saget dinten sakmangke kedah pejah. Menawi Gathutkaca lan Bimanyu pejah dinten sakmangke, Wisanggeni, Antasena, Antareja, Irawan, sinten ta kemawon temtu badhe nututi.</i>
DURNA	: <i>Inggih, inggih. Lha menawi mekaten ngaturaken gunging panuwun. Adhi patih.</i>
SENGKUNI	: <i>Pripun kiraka.</i>
DURNA	: <i>Bombong pun kakang.</i>
SENGKUNI	: <i>Bombong kepripun.</i>
DURNA	: <i>Pangunek-unek bakal kadumugen. Penyuwunan nembe bakal kasembadan.</i>
SENGKUNI	: <i>Kasembadan kepripun.</i>
DURNA	: <i>Pun kakang rak wangsalan wiwit jaman pirang wulan.</i>
SENGKUNI	: <i>Wangsalan.</i>

DURNA	: <i>Iya.</i>
SENGKUNI	: <i>Wangsalan napa.</i>
DURNA	: <i>Rujak wuni jamur sempagi. Pandawa putra, putra Pandawa dipateni randhane dibagi-bagi, naaah.</i>
SENGKUNI	: <i>Nggih nyumanggakaken kiraka.</i>
DURNA	: <i>Iya. Anak resi kados pundi keparengipun.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Menika wasiat samber nyawa dipun paringaken dhateng sinten, ingkang sakkinten saget kangge nyarati pejahipun Gathutkaca, wonten pundi Gathutkaca lan Bimanyu dipun pados.</i>
DURNA	: <i>Sendika ngestokaken dhawuh. Nyuwun pangestu peparingipun anak resi badhe manggih anak kula Bambang Aswatama kapurih mados Gathutkaca Bimanyu dipun sirnakaken.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak*, laras slendro *Pathet nem*. Pujangga Dewa memberikan pusaka *samber nyawa* kepada Durna, Durna dientas keluar menuju gawang kiri. Gending *sirep*, kemudian *ginem*.

PUJANGGA DEWA	: <i>Paman Sengkuni.</i>
SENGKUNI	: <i>Dhawuh tinimbalan anak resi Pujangga Dewa.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Yayi prabu Duryudana ampun dipun aturi uninga bab perkawis menika, mangke dipun aturi uninga menawi sampun wonten kayektosanipun Semar pejah, Gathutkaca, Bimanyu Pejah. Temtu badhe dados suka renaning penggalih yayi prabu.</i>
SENGKUNI	: <i>Kula dherekaken.</i>

Keterangan:

Gending *wudhar*, kemudian *seseg*, Pujangga Dewa dan Sengkuni berjalan bersamaan, kemudian dientas menuju gawang kiri. Gending *Sampak* beralih menjadi *Ayak-ayak*, laras slendro *pathet nem*, para *emban* dientas ke kanan. Gending *suwuk*, dalang *suluk Pathetan Jugag*, laras *pelog pathet lima*. Dalang selesai *suluk*, dilanjutkan *pocapan*.

*Gancaring cariyos kedah karana nebihna kang cedhak, nyedhakake kang tebih. Dereng nggamaraken bidhalipun rekyana patih Sengkuni kaliyan resi Pujangga Dewa miyos mring pagelaran jawi. Ingkang dipun gambaraken ingkang wonten sasana inggil kraton Ngastina, papan dununing para cethi ingkang samya nggelar kagunan jawa. Wonten setunggiling cethi ingkang sampun madya yuswa, ingkang mboten pisah kaliyan ganten tuwin pengilone (dilanjutkan adegan limbukan).*

**Keterangan:**

Adegan *limbukan* selesai, *iringan pakeliran* menjadi gending *Srepeg Sragenan, laras slendro pathet nem*. Limbuk dan Cangik dientas menuju gawang kiri. Gending *seseg*, kemudian beralih menjadi *Palaran*, tampil Gatutkaca dan Abimanyu yang tengah berada di alun-alun Astina. Gatutkaca tampil dari gawang kanan, kemudian *tanceb* digawang kanan, gedebok atas. Tampil Abimanyu dari gawang kanan, kemudian *tanceb* digawang kiri gedebok atas, menghadap Gatutkaca. *Palaran* selesai, dilanjutkan *ginem*.

ABIMANYU GATUTKACA	: <i>Kangmas prabu, kondur menapa tindak dhateng pundi.</i> : <i>Pun kakang dhewe ora ngerti, wose si adhi kaliyan pun kakang kudu gedhe kaprayitnane, amargi kelingan lelakon-lelakon kang wus kepungkur.</i>
ABIMANYU GATUTKACA	: <i>Lelampahan kados pundi kangmas.</i> : <i>Saben-saben Ngastina ana pendhita anyar, mesthi nggolek kacilakaning pandhawa lan putra pandhawa. Ingkang iku sing ati-ati.</i>
ASWATAMA	: <i>Lho, Gathutkaca, Bimanyu. Lungguh kang kepenak aku Swatama kang nampi dhawuh peparing kakang resi Pujangga Dewa</i> (Aswatama menyela pembicaraan Gatutkaca dan Abimanyu dari kejauhan).

**Keterangan:**

Gending *Sampak, laras slendro Pathet nem*. Aswatama dari kejauhan melihat Gatutkaca dan Abimanyu yang tengah berada di alun-alun Astina, kemudian datang menghampiri keduanya. Gending *sirep*, kemudian *ginem*.

GATUTKACA	: <i>Lho kae paman Aswatama malah teka mrene.</i>
-----------	---

**Keterangan:**

Gending *wudhar*, Abimanyu dibedhol, kemudian *tanceb* di belakang Gatutkaca, gedebok bawah. Tampil Aswatama, gending beralih menjadi *Palaran*. Aswatama *tanceb* digawang kiri gedebok atas, menghadap Gatutkaca dan Abimanyu. *Palaran sirep*, dilanjutkan *ginem*.

ASWATAMA	: <i>Purbaya.</i>
GATUTKACA	: <i>Paman Aswatama.</i>
ASWATAMA	: <i>Bimanyu.</i>
ABIMANYU	: <i>Paman Aswatama.</i>

**ASWATAMA**

: *Ketitik bocah kang wis ora nduwe uda negara, ora nduwe trapsila, ora nduwe tata karma. Sapa iki, iki rak Aswatama. Aswatama saiki ora padha kaliyan Aswatama kang uwis-uwis, Aswatama saiki wis diparingi panguasa. Yen dudu kewula Ngastina, mlebu aneng alun-alun Ngastina ora kena digegampang, ora bakal tak lilani. Gathutkaca, arepa sliramu ratu Pringgondani nanging ning kene ki jeneng koe wong nglayab, padha karo Abimanyu. Aku nampi dhawuh pangandikane kangmas Werkudara lan kangmas pengera Janaka, sakmangsa-mangsa Gathutkaca lan Bimanyu tekan mrene, kudu dikunjara, dilebokake marang pakunjaran.*

**GATUTKACA**

: *Paman Aswatama.*

**ASWATAMA**

: *Ya piye.*

**GATUTKACA**

: *Ora ngerti pengendikane rama lan paman pengera, apa iku mung ngayawara tembungmu.*

**ASWATAMA**

: *Ora bakal Swatama ki ngawur. Aswatama saiki yen kandha ki kandha nganggo waton, ora waton kandha. Manuta tak banda tanganmu saklorone. Iyaa (Aswatama dipukul oleh Gathutkaca).*

Keterangan:

Gending *Srepeg*, laras slendro Pathet nem. Gatutkaca memukul Aswatama hingga jatuh tersungkur, kemudian Gatutkaca dan Aswatama dientas bersamaan menuju gawang kiri, disusul Abimanyu mengikuti dari belakang. Tampil Gatutkaca dan Aswatama, Gatutkaca menendang Aswatama hingga terpental. Gending *seseg*, Gatutkaca dientas ke kanan menghampiri Abimanyu, dan membisikinya untuk menghadapi Aswatama terlebih dahulu. Gending *Srepeg* beralih menjadi gending *Sampak*, laras slendro pathet nem, Abimanyu berhadapan dengan Aswatama. Gending *sirep*, dilanjutkan *ginem* dalam adegan perang.

**ASWATAMA**

: *Bimanyu.*

**ABIMANYU**

: *Paman Aswatama.*

**ASWATAMA**

: *Kui jenengane koe sakleger sirahmu. Sumentana sumangganggelem. Apa sababe, lah kok aku dijotos sakkepenake, tandha bocah kang wus minger kiblate. Mula-mula koe ula marani gitik, sulung mlebu nggeni. Ora gelem ngulungna astamu loro, malah dadi pernyakit tumprap ragamu. Iyooohh (Aswatama dipukul oleh Abimanyu).*

Keterangan:

Gending *wudhar*, Abimanyu memukul Aswatama hingga terpental. Aswatama kembali berhadapan dengan Abimanyu. Gending *sirep*, dilanjutkan *ginem* dalam suasana perang.

**ASWATAMA**

: *Bimanyu*.

**ABIMANYU**

: *Paman Aswatama*.

**ASWATAMA**

: *Mbok manuta astamu kok ulungake. Yen nganti megogok makuthawaton, ora ming dibanda, bisa kanggo jalaran mulih mring kasedan jati.*

Keterangan:

Gending *wudhar*, kembali terjadi peperangan antara Abimanyu dan Aswatama. Aswatama kewalahan menghadapi Abimanyu, kemudian datanglah Durna membawa pusaka *samber nyawa* dan memberikannya kepada Aswatama. Gending *Sampak* beralih menjadi *Palaran*. *Palaran sirep*, dilanjutkan *pocapan*.

*Rep sidhem, tepining alun-alun kraton Ngastina jejel uyel-uyelan. Ngejawi para kurawa ugi para wadya saking manca negari, kalebet siswanipun sang resi Pujangga Dewa. nalika semanten Bambang Aswatama sampun dipun paringi dhawuh ingkang rama resi Durna, kinen namakaken jimat samber nyawa dhateng dyan Bimanyu lan Gathutkaca. Mbikak wrangka wasiat ingkang nami samber nyawa, murub. Ing mangka mawa benter pitung putungan. Raden Abimanyu kaduk kuwantun kirang waspada, kamiwantun nampeni jimat samber nyawa. Parandene raden Bimanyu, satria titising Widawati, sliranipun mboten tedhas mring tapak paluning pandhe sisaning gurenda, tan tedhas mring braja lungit. Ewa semanten, samber nyawa ampuh, mandi kepati-pati. Naming tumapak dhadha gentel dados sarana sukma mijil saking ragane dyan Bimanyu.*

Keterangan:

Gending *Sampak*, laras slendro pathet nem. Gending *sirep*, dilanjutkan *ginem*.

**ASWATAMA**

: *Upami dipun endani pripun pak.*

**DURNA**

: *Ora papa. Jimat samber nyawa kui bisa njujug karepe si jimat. Angkawijaya mlebu marang gua bisa tinututan, mumbula kaya manuk branjangan bisa ditututi. Percaya wae, iku syarat patine Bimanyu, satria titising widawati. Bimanyu mati Gathutkaca mati, nembe pun bapa bisa mbagi-bagi randha.*

ASWATAMA : *Inggih pak, inggih pak.*

Keterangan:

Gending *wudhar*, Aswatama melepaskan *samber nyawa*. Tampil Abimanyu, gending *sirep*. Kemudian *ginem*.

GATUTKACA	: <i>Bimanyu, Bimanyu, Bimanyu.</i>
ABIMANYU	: <i>Kangmas kados pundi.</i>
GATUTKACA	: <i>Aja kok tampani.</i>
ABIMANYU	: <i>Kula mboten nampeni jimat, kula nandhang wirang awit menika tepining alun-alun jejel uyel-uyelan, nyuwun pangestunipun kangmas.</i>

Keterangan:

Gending *wudhar*, Abimanyu terkena pusaka *samber nyawa* hingga jatuh terkapar. Aswatama datang menghampiri sembari jogedan. Gending *suwuk*, *suluk Sendhon Tlutur*, *laras slendro pathet nem*, dan dilanjutkan *pocapan*.

*Rep sidhem mboten wonten aba suara. Senadyan Gathutkaca dereng ngertos kalamun ingkang rayi sampun ketaman wasiat samber nyawa. "Dhi, Bimanyu, menyat dhi, Bimanyu menyat".*

Keterangan:

Gending *Sampak*, *laras slendro pathet nem*. Gatutkaca menghampiri Abimanyu yang terkapar karena terkena *samber nyawa*. Gending *suwuk*, kemudian *ginem*.

GATUTKACA : *Dhi Bimanyu, Bimanyu, Bimanyu.*

Keterangan:

Gending *Sampak*, *laras slendro Pathet nem*. Gatutkaca memeluk dan menangisi jasad Abimanyu. Gending *suwuk*, *suluk Sendhon Tlutur*, *laras slendro pathet nem*, dilanjutkan *pocapan*.

*Nggembor raden Gathutkaca. Kirang waskitha kala wau, dipun wastani Bimanyu naming ambruk, ngindhani wasiat. Ing mangka Bimanyu sampun ketaman samber nyawa, kantaka madya sirna. Kantaka ora eling, madya tengah, sirna mati. Mboten mati, ning semaput dangu, Bimanyu sampun mboten saget ngglawat, sinaosa tatu naming gentel wonten ing dhadha. Sangsaya dangu*

*sawetawis dyan Gathuttkaca mirsani Bimanyu ingkang sampun mboten napas, dipun sisihaken wonten tepining alun-alun, Gathuttkaca ngamuk punggung, kurawa sami glangsaran, ngamuk dyan Gathuttkaca.*

Keterangan:

Gending *Gangsaran*, laras slendro pathet nem. Gending *sirep*, kemudian *ginem*.

**GATUTKACA** : *Waduh, ana Gathuttkaca kudu ana Bimanyu. Lha iki ana Gathuttkaca wis ara ana Bimanyu, dhi.*

Keterangan:

Gending *wudhar*, Gatutkaca menggendong jasad Abimanyu untuk disisihkan ditepi alun-alun Astina. Gatutkaca melakukan serangan terhadap prajurit Kurawa. Aswatama dan prajurit lainnya berhasil dikalahkan oleh Gatutkaca. Adegan humor terjadi saat Gatutkaca bertemu dengan prajurit/sekuju Kurawa, yang ketakutan berhadapan dengan Gatutkaca. Prajurit tersebut berhasil diringkus oleh Gatutkaca. Gending *surwuk*, kemudian *ginem*.

**PRAJURIT KURAWA** : *Sabar, sabar, sabar. Gyeh raden Gathuttkaca den, aku tah ora melu nganah-ngeneh, anu nyong anu independent ngerti. Nyong anu pengamen, mung nggolet duit temenan, ora melu nganah-ngeneh ora.*

**GATHUTKACA** : *Wha* (Gathutkaca menunjukkan gestur dengan mengepalkan tangan, seperti akan memukul prajurit tersebut).

**PRAJURIT KURAWA** : *Ya temenan lah, temenan. Nyong ora melu nganah-ngeneh ora, nyong anu nggolet duwit (prajurit tersebut semakin ketakutan). Alhamdulillah slamet aku* (Gatutkaca membebaskan prajurit tersebut).

Keterangan:

Gending *Sampak*, laras slendro Pathet nem. Gatutkaca kembali maju untuk menghabisi semua prajurit Astina, beserta para sekutunya. Tampil Aswatama dari gawang kiri dengan membawa pusaka *samber nyawa*. Gending *sirep*, kemudian *ginem*.

DURNA	: <i>Swatama. Aja kesuwen kulup.</i>
ASWATAMA	: <i>Inggih. Gathutkaca, iki marganing patimu, samber nyawa, druhun</i> (Aswatama melepaskan pusaka <i>samber nyawa</i> , tertuju kepada Gathutkaca).

Keterangan:

Gending *wudhar*, Aswatama dientas ke kanan mengikuti laju *samber nyawa*. Pusaka *samber nyawa* digambarkan melesat kencang menuju Gatutkaca. Tampil Gatutkaca dari kanan, kemudian terkena *samber nyawa* hingga terpental. *Iringan pakeliran* beralih menjadi gending *Sampak Gejolak*, Gatutkaca terpental hingga jatuh disamping jasad Abimanyu. Gending *Sampak Gejolak* beralih menjadi Gending *Sampak, laras slendro pathet nem*. Tampil Durna dari kiri, Durna melihat Gatutkaca dan Abimanyu yang telah tewas. Durna sangat merasa senang, karena Aswatama telah berhasil membunuh keduanya. Gending *sirep*, dilanjutkan *ginem*.

DURNA	: <i>Modar, modar koe. Rujak wuni jamure sempagi, Gathutkaca Bimanyu padha mati randhane dibagi-bagi, hehh.</i>
-------	---

Keterangan:

Gending *wudhar*, Durna dientas ke kiri. *Iringan pakeliran* beralih menjadi *Ayak-ayak, laras slendro pathet nem*. Tampil Resi Pujangga Dewa dari gawang kiri, kemudian *tanceb* digedebok atas, menghadap jasad Gatutkaca dan Abimanyu. Durna tampil dari gawang kiri, kemudian *tanceb* dibelakang Pujangga Dewa, gedebok atas. Gending *suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

PUJANGGA DEWA	: <i>Bapa Durna.</i>
DURNA	: <i>Dhawuh, Pripun.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Gathutkaca Bimanyu.</i>
DURNA	: <i>Sampun pejah, kalih-kalihipun.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Ketaman samber nyawa, ingkang mejahi.</i>
DURNA	: <i>Anak kula pun Swatama. Kurawa sanesipun sumerep Gathutkaca Bimanyu niku sami jirih ajrih, kados lembing kenging tempaling, bubar mboten wonten ingkang ketinggal. Ingkang wantun naming anak kula pun Swatama, heeee.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Sampun pejah.</i>
DURNA	: <i>Sampun, ketaman samber nyawa. Lha menika kendhaga kagem menapa.</i>

PUJANGGA DEWA	: <i>Bimanyu Gathutkaca lebetaken dhateng kendhaga kemawon.</i>
DURNA	: <i>Mangke-mangkenipun.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Badhe kula kintukaken adhi kula Puthut Guntur Geni. Ingkang ngentosi wonten ing Gua Sela Mangleng.</i>
DURNA	: <i>Lha menika rak sampun pejah, badhe kagem menapa.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Kangge dhaharanipun adhi kula. Adhi kula Puthut Guntur Geni niku nyuwun kudangan dhateng kula. Menawi kula sampun ketrima wonten ing kraton Ngastina, nyuwun bangkenipun Bimanyu Gathutkaca.</i>
DURNA	: <i>Nah, kula bombong banget (Durna melantunkan lagu kula bombong banget dilanjutkan koor dengan sinden dan wiraswara, dan diiringi dengan gamelan).</i>

Keterangan:

Iringan tembang kula bombong banget. Suwuk, dilanjutkan ginem.

PUJANGGA DEWA	: <i>Ing semu bapa pendhita kok suka rena.</i>
DURNA	: <i>Inggih. Sinaosa Gathutkaca Bimanyu cetha nika sampun sanggya kantaka madya sirna, padatanipun Gathutkaca Bimanyu niku dangu-dangu sok wonten ingkang paring usada. Lha menawi Gathutkaca Bimanyu kalebetaken dhateng kendhaga, dipun kintukaken kadang penjenengan kangge dhaharan langkung prayogi. Swatama.</i>
ASWATAMA	: <i>Nun.</i>
DURNA	: <i>Lebokake marang kendhaga Gathutkaca lan Bimanyu.</i>

Keterangan:

Gending Sampak, laras slendro pathet nem, Aswatama tampil dari gawang kiri dan tanceb di depan kendaga. Aswatama membuka Kendaga, kemudian memasukan Gatutkaca dan Abimanyu ke dalamnya. Gending seseg, Aswatama menutup kendaga, kemudian tanceb digawang kanan gedebok bawah, menghadap Pujangga Dewa dan Durna. Gending suwuk, dilanjutkan ginem.

DURNA PUJANGGA DEWA	: <i>Ingkang badhe dipun utus sinten.</i> : <i>Ngejawi bapa pendhita kalih Swatama mboten wonten malih. Awit bapa Durna kaliyan Swatama ingkang sampun nyepeng wasiat kula, samber nyawa. Awit saking mriki dumugi Gua Sela Mangleng menika sawetawis tebih, menawi wonten margi kenging begalanipun sinten, samber nyawa saget kangge nyisihaken pambegal.</i>
DURNA	: <i>Inggih. Swatama, alon-alon, alon-alon. Lumaku kaya neng tegal kepanasen. Kendhiaga gawanen, kang isi Gathutkaca Bimanyu kang wus dadi kunarpa, tumeka aneng Gua Sela Mangleng kulup, Swatama.</i>
ASWATAMA	: <i>Inggih pak, inggih.</i>

Keterangan:

Gending *Srepeg Tegalan*, laras slendro pathet nem. Aswatama membawa kendaga, kemudian dientas ke kanan. Durna dan Pujangga Dewa dibedhol, gending *sirep*, dilanjutkan *ginem*.

DURNA PUJANGGA DEWA	: <i>Kepareng miterang anak resi.</i>
DURNA PUJANGGA DEWA	: <i>Kados pundi bapa.</i>
DURNA	: <i>Menapa kinten-kinten Werkudara lan Janaka.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Pitados. Tegel dhateng kaki Semar. Awit awrat Werkudara butuh sanget elmu sampurnaning urip kalih elmu sampurnaning pati.</i>
DURNA	: <i>Oo inggih, inggih pitados. Kula pitados, inggih. Nuwun sewu.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Kados pundi.</i>
DURNA	: <i>Tembang wangsalan kula mangke dipun nyatakaken.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Werdinipun.</i>
DURNA	: <i>Randhanipun dipun bagi-bagi, bagian kula (Durna membisiki Pujangga Dewa).</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Srikandhi.</i>
DURNA	: <i>Inggih Srikandhi.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Lha napa Srikandhi purun.</i>
DURNA	: <i>Ah niki, seratipun taksih wetah wonten kula.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Serat kados pundi.</i>
DURNA	: <i>Sinaosa Srikandhi niku dados garwane Janaka, piyambakipun menika naming ngangken Janaka ming kangge jlugrug kemawon. Batinipun Srikandhi niku siang ndalu ngeneget-enget kula,</i>

*Kasunyatanipun niki, seratipun saking srikandhi  
(Durna nuduhake surat saka Srikandhi marang  
Pujangga Dewa).*

PUJANGGA DEWA

DURNA

: Ungelipun.

: Nandur kopi mblusuk-mblusuk, kangmas pendhita  
Durna.

PUJANGGA DEWA

DURNA

: Tegese kepripun.

: Mboten saniki nggih mbesuk-mbesuk, kangmas  
pendhita. Nah niki, niki, niki, niki.

PUJANGGA DEWA

DURNA

: Nggih, mugi-mugi saget kasembadan.

: Nggih, pengestunipun anak resi.

#### Keterangan:

Gending *wudhar*, Durna dientas ke kiri mengikuti Aswatama. Pujangga Dewa dientas ke kanan. Gending *suwuk, suluk Pathet Kedhu, laras pelog pathet nem*, dilanjutkan dengan *pocapan*.

*Sanes gempalaning cariyo, nunggil bebalunganing lampahan. Mboten dipun gambaraken tindakipun dyan Werkudara, ingkang njujug wonten ing pedhepokan Karang Gumenggeng. Nunggil panggung, sanes panggenan, nggamaraken ingkang wonten gunung Kendhalisada. Pilenggahipun begawan Anoman, raden Wisageni, raden Antasena. miyos lenggah wonten samadyaning taru pacrabakan, sang begawan ing semu nguningani sadurunge winaraha. Mila solahe tansah tepuk-tepuk bathuk, tebah-tebah jaja, tampel-tampel wentis. Gegering gegana, gumleyong, mendhung kang sami ketiyuping maruta manda.*

#### Keterangan:

Gending *Ladrang Gleyong, laras pelog pathet nem*. Tampil Wisanggeni dari kiri, *tanceb* digawang kiri gedebok atas. Tampil Anoman dari kanan, kemudian *tanceb* digawang kanan gedebok atas. Tampil Antasena dari kiri, *tanceb* di belakang Wisanggeni, gedebok atas. Gending *sirep*, dilanjutkan *janturan*.

*Rep sidhem, putih memplak kados kapuk dipun wusoni. Menapa ta menika yaiku wewulon pragasa seta. Pragasa kethek, seta pethak, kethek putih. Sanadyan wanara seta, sanes wanara brekasakan. Kasebat begawan Mayangkara, ya raden Senggana, ya raden Anoman, ya raden Anjani Putra. Marma kekasih raden Anjani Putra, awit putranipun Dewi Anjani. Dewi Anjani putra begawan Gotama, saking pertapan Bandhar Bandarata. Nalikanipun timur, Anoman kondhang kawentar makantar-kantar sakindenging nuswantara. Wonten babad utarasedya, babadipun prabu Rama kaliyan Dasamuka. Prabu Rama kasembadan sedyane ngicalaken*

*menungsa ingkang dadi lelethekeing jagat, lah-lahing bawana, yaiku prabu Dasamuka. Ingkang dados sambung watang-wutungipun prabu Rama, wanara seta ingkang kondhang kasebat Ramandayapati, Anoman. Senapatining ngalaga Pancawati. Icalipun kraton Pancawati, Anoman boyong. Menggah pawartos wonten tlatah negari Ngamarta. Dumunung ing pedhepokan wonten gunung Kendhalisada. Pawartosipun gunung Kendhalisada menika gunung wingit, angker, gawat keliwat-liwat. Kawentar makantar-kantar, pedhepokan gunung Kendhalisada sato mara sato mati, jalma mara jalma mati. Manuk miber ngungkuli pedhepokan Kendhalisada, lepat katurangganipun nguwil dadakan, kados manuk kenging bandring. Jawah separan-paran, kados layangan pedhot saking tali gocene.*

*Awang-awang mega mendhung, layung, ngkuwung ngungkuli puncak gunung Kendhalisada, miyak nganan-ngering dados ndep-ndep pengamun-amun. Werta pinanggih nyata, gunung Kendhalisada gunung gundhul. Werdine gunung gundhul mboten wonten tetuwuhan, suket teki mboten thukul, siti abrit mawur-mawur, wadhas cemeng pating plethak dados sesingidane gegremetan kang mawa wisa. Parandene, tinon saking mandrawa ngrembaka wonten setunggal wit ingkang winastanan wit maosadi. Wit maosadi mboten thukul wonten ing bumi Kendhalisada, jer menika boyongan saking bumi Pancawati Dhendha. Anoman nilar bumi Pancawati Dhendha, mboyong wit maosadi. Dipun tanem wonten ing pedhepokan Kendhalisada, ngantos sapriki. Sinten ta ingkang lenggah jajar munggwing ngarsa, setunggal dewa penutup, putra raden Arjuna ingkang patutan kaliyan bethari Dresanala. Kasebat dewa penutup kekasih raden Wisanggeni, ya raden Lingsanggeni. Jajar pilenggahipun kaliyan kadang werdha saking kasatriyan Werdi Sewu, putra raden Werkudara ingkang patutan kaliyan dewi Urangayu. Satria ndhugal kewaridan, growol-growol pangandikanipun bobot, yaiku ingkang kekasih raden Antasena.*

#### Keterangan:

Gending *wudhar, suwuk*. Dalang *suluk Pathetan Kagok Lasem, laras pelog pathet nem, kemudian ginem*.

#### ANOMAN

: *Hywang sukma abdi linangkung, mugi ingsun pinaringan karahayon. Permana pun wa nyawang, ketingal pinarak jajar lenggah. Atmajaningsung kekalih kang dadi gantilaning atiku, raden Wisanggeni lan raden Antasena. bebarengan padha sugeng tindake saka ing praja, rawuh ana ing Kendhalisada.*

Dalang *suluk gambyakan/jineman Banyumasan*. Setelah dalang *suluk*, dilanjutkan *ginem*.

ANTASENA	: Aku sing tak mangsuli dhewe Wisageni.
WISANGGENI	: Kakang Antasena ya kena, aku ya kena. Ning patute ya kakang Antasena tak aturi ngaturi pirsa kagem wa Anoman sing wis direncana mau.
ANTASENA	: Ya ya, adhi geni iya. Lewih apik, lewih prayoga wa.
ANOMAN	: Kepriye kulup.
ANTASENA	: Awit iki wigati sing bakal tak aturake.
ANOMAN	: Lha njur.
ANTASENA	: Nyedhak sawetara.
ANOMAN	: Ora papa, ora papa ngger. Antasena ngger.
ANTASENA	: Nyuwun pangapura ya wa.
ANOMAN	: Iya ya, bab apa.
ANTASENA	: Putramu aku, Antasena sing ora tau nyembah, ora tau basa kaliyan wa Anoman. Lehku nyembah ming kaliyan sing kagungan urip.
ANOMAN	: Ya ya bener, ya bener.
ANTASENA	: Pangapurane ana keliwating tembung, ana trapsila kang ora apik tumrap marang wong tua. Nyuwun dingapurani ya wa.
ANOMAN	: Sapadha-padha ngger, sapadha-padha ngger. Kanggo pasugata tindakmu mrene bebarengan kaliyan Wisageni kadangmu, puja-puji rahayu kebat katampia, kulup Antasena.
ANTASENA	: Iya wa, tak tampa wa. Tak tampa tangan loro, tak pundhi ing sirahku, rogol marang genggemanku, dadia mustika, muwuhanan mring urip kemulyanku.
ANOMAN	: Kaya bapakmu leh ngendika.

### Keterangan:

Gending *Sampak Nem*, laras pelog pathet nem, Anoman memeluk Antasena. Sampak beralih menjadi *palaran*, kemudian setelah *palaran* selesai, irungan menjadi *Srepeg Nem*, laras pelog pathet nem. *Srepeg kasirep*, dilanjutkan *ginem*.

ANOMAN : *Pancen kacang ora ninggal lanjaran, kulup.*  
ANTASENA : *Lha kok ngendika ngana wa.*  
ANOMAN : *Bapakmu yen nampi puja pangestu peparinge wong tua, leh nampani kaya pangandikamu mau. Ya tak tampa tangan loro, tak pundhi ing mustakaku, rogol marang genggemanku, dadia mustika, mutuhana mring urip kemulyanku. Lha iki padha karo panganikane bapakmu. Ngendika mung saklimah rong klimah iku pengendika kang bobot. Kacang ora ninggal lanjaran, kulup Antasena.*

Keterangan:

*Srepeg wudhar, kemudian suwuk, dan dilanjutkan ginem.*

- |            |   |
|------------|---|
| WISANGGENI | : <i>Aku mangkana uga ya wa, nyambung pangandikane kakang Antasena. aku ya padha karo pangandikane kakang Antasena, ora basa marang sapa wae, ora nyembah mring sapa wae, ngejaba nyembah kaliyan sing gawe urip, ingkang nyipta bumi langit sakisen-isene ya wa.</i> |
| ANOMAN     | : <i>Iya ya kulup Wisageni, iya. Sapadha-padha, sing wis ngrumangsani luput upamane, iku jeneng menungsa kang luhur, gelem ngakoni, ngrumangsani marang keluputane. Puja pangestune pun wa keparenga nampi, kulup Wisageni.</i>                                       |
| WISANGGENI | : <i>Tak tampa ya wa. Tak pundhi ing mustaka, sambunge kaya ngendikane kakang Antasena mau.</i>   |
| ANTASENA   | : <i>Numpang anget wae.</i>   |
| WISANGGENI | : <i>Iya ngarah kepenak, men ora kesuwen kok. Wis kakang Antasena, gecat-gecut wae mundhak karondhen gawe. Kasep wektune, kakang Antasena matur blak-blakan wae.</i>  |
| ANOMAN     | : <i>Iki malah aku njur mak prinding. Wisageni ngendika kaya ngana ki arep ana pangandika apa kang bakal tumiba marang wa mu aku.</i>   |

Keterangan:


*Gending Sampak Nem, laras pelog pathet nem. Anoman tebah jaja. Sampak suwuk, dilanjutkan ginem.*

- |          |  |
|----------|--|
| ANTASENA | : <i>Ngene wa. Aku bareng karo Wisageni adhiku, pitakone ora padha. Papag ning ora padha.</i>          |
| ANOMAN   | : <i>Tegese kepriye.</i>   |
| ANTASENA | : <i>Aku nyuwun pangerten, tegese cuplak andheng-andheng ki kepriye ya wa.</i>                         |
| ANOMAN   | : <i>Kepriye, kepriye.</i>   |
| ANTASENA | : <i>Cuplak andheng-andheng ki tegese kepriye.</i>   |
| ANOMAN   | : <i>Cuplak andheng-andheng, masa koe ora ngerti.</i>  |
| ANTASENA | : <i>Ngerti ning mbok ora padha. Apik-apike wong nduwe pinemu, dipadhakake karo pinemune wong tua.</i> |
| ANOMAN   | : <i>Dadi kepriye.</i>   |
| ANTASENA | : <i>Aku nyuwun dingerten, cuplak andheng-andheng tumrap wa Anoman kepriye.</i>                        |
| ANOMAN   | : <i>Jagat dewa bathara, ya jagat pramudita. La wong cuplak andheng-andheng kok ora ngerti.</i>        |
| ANTASENA | : <i>Ngerti ning mbok ora padha karo wa Anoman.</i>  |

- ANOMAN** : Cuplak andheng-andheng kui tegese kaya ngene. Cuplak andheng-andheng yen tumemplek gawe ala ki sanadyan ta iku daging kulite dhewe, yen ora bener tumempleke ki ditimpral wae ora papa. Ana cuplak, ana andheng-andheng kok tumiba, tumemplek ana ing tlapukan, timpral wae, nimbang ngala-alani. Sangsaya gedhening cuplak kang tumemplek aneng tlapukan, rak mriplate njur merem. Buang wae ora papa, ngala-alani.
- ANTASENA** : O iya ya. Cuplak andheng-andheng.
- ANOMAN** : Lha njur isine, ora kakang, ora adhi, ora bapak, ora ibu, ora kaki, ora nini, sapa wae kang salah, aku kok ngerti, ora kena mban cindhe mban siladan, aku kudu ngelingake sing lagi padha lumaku salah. Yen wong salah ora gelem dibenerake, apa karepe kudu disembadani.

Keterangan:

Gending *Sampak Nem*, laras pelog pathet nem. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

- 
- ANOMAN** : Aku malah bingung. Pitakon kok ngana iku, ingkang sejatine mesthi sliramu wis ngerti.
- ANTASENA** : Ya ngerti.
- ANOMAN** : Padha ora.
- ANTASENA** : Padha, Kui padha. Cuplak andheng-andheng, ora bapak, ora ibu, ora kaki, ora nini, ora adi, ora kakang, ora mbakyu, yen salah aja dikiloni. Tetep dibenerake, yen ora bisa dibenerake, tandangi.
- ANOMAN** : Bagus.
- ANTASENA** : Sanadyan ta nunggal bayu umpane.
- ANOMAN** : Kepriye, kepriye.
- ANTASENA** : Upama nunggal bayu.
- ANOMAN** : Karo sapa.
- ANTASENA** : Karo wa Anoman. Ana wong nunggal bayu karo wa Anoman kok tumindak salah.
- ANOMAN** : Yen aku gerti tak benerake.
- ANTASENA** : Yen ora gelem bener.
- ANOMAN** : Tak tandangi.

Keterangan:

Gending *Sampak Nem*, laras pelog pathet nem. *Sampak suwuk*, dalang suluk gambyakan/jineman Banyumasan. Antasena kabedhol dan pindah posisi, *tanceb* di belakang Wisanggeni, Wisanggeni maju menghadap Anoman. Dalang selesai *suluk*, dilanjutkan *ginem*.

- WISANGGENI : *Kakang Antasena.*  
 ANTASENA : *Adhiku Wisageni, koe.*  
 WISANGGENI : *Padha.*  
 ANTASENA : *Padha, papag ning ora padha ora papa, ning padha. Ora kena ngiloni marang wong kang lagi tumindak salah. Ora kakang, ora andhi, wa Anoman wis ngendika, sanadyan nunggal bayu karo wa Anoman kok salah, wa Anoman ngerti dielingake, ora gelem dielingake ditandangi.*  
 WISANGGENI : *Apik, bener wa.*  
 ANOMAN : *Ya ya bener. Ning aku kok njur deg-degan krungu ana tembung nunggal bayu. Sing nunggal bayu sapa.*  
 WISANGGENI : *Sapa kang.*  
 ANTASENA : *Upama ana kok wa. Yen ora ana ora papa.*  
 WISANGGENI : *Wis genten aku tak matur ya wa.*  
 ANOMAN : *ya kulup. Lha iki bocah padha tindak mrene njur riwe gumrobyos, byuk-byukan.*  
 WISANGGENI : *Sing kepenak wae. Jer wa Anoman ngendika apa anane, aja ngiloni wong salah, aja mbenerake wong luput, apik wa.*  
 ANOMAN : *Iya ya. Wis kepriye, sakbacute pitakone sliramu apa kulup.*  
 WISANGGENI : *Genten aku tak takon. Sabda pandhita ratu, sabda Brahmana raja.*  
 ANOMAN : *Ki mesthi wis ngerti.*  
 WISANGGENI : *Ngerti. Ning mbok ora padha karo wa Anoman kok.*  
 ANOMAN : *Iki mesthi padha karo kae mau.*  
 WISANGGENI : *Tegese apa wa.*  
 ANOMAN : *Wika-wiku sabda pendhita ratu, pendhita ki klebune jalma winasis. Saklimah ngendika ora kena wola-wali. Pendhita yen wis ngendika sanggup, kudu sanggup, kudu dinyatakake kesanggupane. Yen wani kudu dinyatakake kewaniane. Yen wis ngendika abang, kudu abang. Yen wis ngendika putih, kudu putih. Ora kena wis ngendika abang kok banjur putih.*  
 WISANGGENI : *Terus, wika-wiku sabda Brahmana raja.*  
 ANOMAN : *Saya-saya ngendikaning ratu, saklimah tinumbas sejuta. Pangandikane ratu ora kena mancla-mencle, yen wis ngendika iya, kudu iya. Yen ngendika ora, kudu ora. Padha karo wika-wiku sabda pendhita ratu, wika-wiku sabda Brahmana raja.*

#### Keterangan:

Dalang suluk ada-ada Banyumasan pelog khas Ginoan, cakepan yen matimayoning karang abang. Wisanggeni kabedhol, maju mendekat Anoman, dan

mencium tangan Anoman, kemudian kembali *tanceb*. Dalang selesai *suluk*, dilanjutkan *ginem*.

**ANOMAN** : *Kepriye kulup kok sangsaya nyedhak, nyedhak kari ora karo mesem, pun wa sangsaya trataban. Ingkang padatan koe padha rawuh mrene, pun wa njuk seneng kliwat-liwat. Gembira kepatti-pati. Lah iki malah njur bingung, arep padha kepriye sejatine kulup.*

**Keterangan:**  
Gending *Srepeg Nem*, laras *pelog pathet nem*. *Srepeg suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

<b>ANTASENA</b>	: <i>Adhi Geni.</i>
<b>WISANGGENI</b>	: <i>Kakang Antasena.</i>
<b>ANTASENA</b>	: <i>Petang-petunge iki wis kliwat marang wektune, aku kudu kepriye. Cekat-ceket mung kari matur wa Anoman.</i>
<b>WISANGGENI</b>	: <i>Kakang Antasena aku ditinggal. Kakang Antasena tak aturi kondur saka kene, ninggal aku kaliyan wa Anoman, pegawéane dhewe-dhewe. Sakwise ngendikane wa Anoman ki padha, wika-wiku sabda pendhita ratu, wika-wiku sabda Brahmana raja, cuplak andheng-andheng.</i>
<b>ANTASENA</b>	: <i>Lha njur aku bali kepriye.</i>
<b>WISANGGENI</b>	: <i>Bali tak aturi njaga ibu-ibuku sing ana ing kraton Ngamarta kakang.</i>
<b>ANTASENA</b>	: <i>Kok njaga ibu-ibumu.</i>
<b>WISANGGENI</b>	: <i>Manut wae. Ana apa-apane, purba wasesa ana ing kakang Antasena.</i>

**Keterangan:**  
Gending *Srepeg Nem*, laras *pelog pathet nem*. Antasena *kabedhol*, kemudian maju berpamitan kepada Anoman untuk pulang ke Amarta. *Srepeg kasirep, ginem*.

<b>ANTASENA</b>	: <i>Nyuwun pangestu wa.</i>
<b>ANOMAN</b>	: <i>Arep tindak ngendi.</i>
<b>ANTASENA</b>	: <i>Kebagian nyambut gawe, mulih mring kraton Ngamarta, njaga ibu-ibuku.</i>
<b>ANOMAN</b>	: <i>Lah kok malah njur pun wa bingung.</i>
<b>ANTASENA</b>	: <i>Aja bingung, ana Wisageni sing tanggung jawab. Tak tinggal dhi.</i>
<b>WISANGGENI</b>	: <i>Iya. Sanguine isih.</i>
<b>ANTASENA</b>	: <i>Isih, kumplit sangku.</i>

Keterangan:

*Srepeg wudhar, Antasena dientas ke gawangan kiri. Srepeg kasirep, dilanjutkan ginem.*

WISANGGENI	: <i>Wa Anoman wa.</i>
ANOMAN	: <i>Pegawe-an apa sing kudu digarap dening pun wa.</i>
WISANGGENI	: <i>Wa, tak aturi tindak marang Karang Gumenggeng.</i>
ANOMAN	: <i>Lho. Malah pun wa rak ngarani sliramu padha tindak mrene ki mesthine padha menggalihake pendhita anyar ing Ngastina. Lha kok njur pating sluwat kaya ngene ki piye.</i>
WISANGGENI	: <i>Mengko anjoge ya padha. Sing perlu wa Anoman tak aturi njaga wa Semar, sing ngati-ati wa.</i>

Keterangan:

*Srepeg wudhar, Anoman kabedhol maju mendekati Wisanggeni. Srepeg kasirep, dilanjutkan ginem.*

ANOMAN	: <i>Malah njaga kakang Semar.</i>
WISANGGENI	: <i>Iya wa.</i>
ANOMAN	: <i>Lah kok njaga kakang Semar.</i>
WISANGGENI	: <i>Aja mung pepundhenku wae sing dijaga, kewula cilik uga dijaga keslametane.</i>
ANOMAN	: <i>Arep ana apa.</i>
WISANGGENI	: <i>Mengko ana pegaweane wa Anoman, tak aturi tindak saiki.</i>
ANOMAN	: <i>Wah iki jenengane ana tamu ngurak sing nduwe umah.</i>
WISANGGENI	: <i>Enggal wa.</i>
ANOMAN	: <i>iya.</i>

Keterangan:

*Srepeg wudhar, Anoman dientas menuju gawangan kiri untuk berangkat ke Karang Kadempel. Wisanggeni dientas ke gawangan kiri. Suasana *kayon, srepeg seseg*. Digambarkan Antasena berjalan, tampil dari gawang kanan, kemudian dientas menuju gawangan kiri. Wisanggeni mencegat Antasena, *Srepeg kasuwuk*, dan dilanjutkan *ginem*.*

WISANGGENI	: <i>Sing perlu ya kakang.</i>
ANTASENA	: <i>Iya nyambut gawe ya sing perlu.</i>
WISANGGENI	: <i>Sedurunge teka aneng Ngamarta, yen kakang Antasena lumaku ing dalam kepethuk karo sapa wae, takokno gawane ki isine apa.</i>
ANTASENA	: <i>Lha kie malah ora memper. Cekat-cekete aku dikongkon mbegal.</i>

WISANGGENI	: <i>Ora mbegal kok, ming takon. Sapa wae sing kepethuk karo kakang Antasena nggawa gawan, apa iku sumbul, apa iku tenong, apa iku cangkingan, apa iku tas kresek, takonana isine apa.</i>
ANTASENA	: <i>Sakwise dingertenis isine.</i>
WISANGGENI	: <i>Lha yen perlu dijaluk isine.</i>
ANTASENA	: <i>Lha ya ngana iku jeneng aku diwenehi pegawean ala, dadi tukang mbegal.</i>
WISANGGENI	: <i>Ora, manut wae. Lha koe njujug ana kraton Ngamarta metua alas.</i>
ANTASENA	: <i>Alas apa.</i>
WISANGGENI	: <i>Sunya Pringga, yen perlu mampir aneng gua Sela Mangleng, manut kakang.</i>
ANTASENA	: <i>Iya.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Nem*, laras slendro pathet nem. Antasena dientas mangiwa, Wisanggeni terbang dan dientas kegawangan kiri. Tampil Anoman dari gawang kanan, kemudian *tanceb digedebog* atas mengadap ke kanan. *Sampak kasirep*, Anoman *ngudarasa*.

ANOMAN	: <i>Etung-etungane, tamu ngurak sing nduwe omah. Nanging Wisageni yen nitik marang ing ngarep ki putrane gustiku pengera Janaka, Wisageni ya gustiku. Arepa kaya apa, sing wis Wisageni ngendika mesthi nggolek dalam kang api, tumuju marang karahayoning pepundhen pandhawa, manut aku. Ning nganggo tembung cuplak andheng-andheng, nganggo tembung wika-wiku. Muga-muga aja nganti ana saklimah nyengkala marang aku.</i>
--------	--

Keterangan:

*Sampak wudhar*, Anoman dientas mangiwa, kemudian terbang untuk pergi menuju Karang Gumenggeng. *Sampak* beralih menjadi *palaran*, tampil Werkudara dari gawang kanan, kemudian *tanceb digedebog* atas, gawang kanan. *Palaran kasirep*, dilanjutkan *pocapan*.

*Raden Puja Giri, ya raden Bratasena, jengkaripun saking Ngastina njujug dateng Karang Gumenggeng. Murih enggal dumugi wonten ing Pedhepokan Karang Gumenggeng, tindakipun dyan Werkudara nrobos wana greng bebondhotan. Glagah pengalang-alangan ingkang sadegeg sepengawe dhuwure, sinaosa ketingal maringkut-ringkut ri bandhil, mboten jirih, mboten ajrih. Sengsaya mandeng uruting imbir-imbir gegeging gunung, lumaksana dyan Werkudara munggah gegeging gunung, ugi mboten jirih ajrih keglundhung mring*

*jurang lan pereng. Cancut taliwanda, busana sarwa dipun singseti. Menapa busananipun dyan Werkudara, ngagem gelung minangkara cinandhi rengga, menawi dipun agem endhep ngarep, dhuwur mburi, sayekti raden Werkudara datan kasmaran mring dununing kawula gusti. Raden Werkudara ngagem anting-anting panunggul maniking warih, raden Werkudara datan kasmaran mring sakwiji-wiji. Werkudara ngagem pupuk mas rineka jaroting asem, yekti budinira dyan Werkudara mindha jaroting asem. Werkudara ngagem sumping kembang pudhak setegal, ya sumping kembang pudhak sinumpet, gambaripun njaba njero sami, sayekti Werkudara lair batinipun kembar, mila Werkudara watake yen iya ya iya, yen ora ya ora. Werkudara ngagem sangsangan naga banda, sangsangan kalung, naga ula, banda gedhe, Werkudara ngagem gambar kalungan ula gedhe, ngyeuktosaken Werkudara tenaganipun ageng, awit rinangkep aji bayu wolu. Werkudara ngagem kelat bau rineka balibar manggis binelah tekan kendhangane. Werkudara ngagem gelang candra kirana, ngagem kuku panganaka, ngagem kampuh poleng bang Bintulu adi kang gambare lima wernane. Jangkep busananipun dyan Werkudara mboten cinandra. Werkudara ngedalaken daya aji jayasengara, maruta warayang mijil saking angganipun Werkudara, nrang glagah pengalang-alangan, tumpes padha sakala.*

#### Keterangan:

Gending *Lancaran Kandhang Bubrah*, laras slendro pathet nem . Werkudara *cancut*, kemudian dilanjutkan sekaran jogedan Werkudara khas Banyumasan. Werkudara digambarkan melompat, disusul sekaran kayon menggambarkan angin kencang. *Lancaran Kandhang Bubrah* seseg, Anoman tampil dari gawang kanan, iringan beralih menjadi *sampak slendro nem*. Anoman *tanceb* digawangan kanan *gedebog* atas. *Sampak kasuwuk*, dalang *suluk ada-ada*, kemudian dilanjutkan *ginem*.

#### ANOMAN

: *Whe lah, glagah pengalang-ngalang ingkang sadedeg-sapengawe dhuwure, mobat-mabit. Buron alas ambrung, ayam alas, manuk gedhe, cilik, ambring. Weh lha iki ndak arani kaya ana kewan dha tarung, lah kok angin jayasengara, angine Werkudara kadangku. Lho lho lho kae, nyata Werkudara. Padatane Werkudara yen lumaksana ngana kae trajange, iki mesthi wigati sing bakal ditibakake. Malah nganggo angina jayasengara, aja-aja kaya lelakon-lelakon kang wus kepungkur. Ning kok tumuju marang Karang Gumenggeng iki, wis wis wis. Aku kelingan dhimas Werkudara kaliyan gustiku pengeran Janaka tindak bareng sowan aneng Ngastina, aja-aja wus kepitut marang pendhita anyaran Ngastina iki.*

**Keterangan:**

Gending *Sampak Nem*, laras slendro pathet nem. Anoman tebah jaja, *Sampak* beralih menjadi *Palaran*. *Palaran* kembali beralih menjadi *Sampak*, kemudian *Sampak kasirep*.

**ANOMAN**

: *Hywang sukma abdi linangkung, muga ingsun pinaringan karahayon. Iki pitakone Wisageni lan Antasena iki. Cuplak andheng-andheng. Mula nalika semana nratab atiku, sanadya ta nunggal bayu yen salah tetep kudu dibenerake, ora gelem bener, ditandangi. Lah iki Werkudara ki nunggal bayu karo aku, aku iki mesthi didu dening bocah iki, wis wis. Ing mangka nututi mring pangandikane Wisageni, wika-wiku sabda pnldhita ratu, pendhiita yen wis ngendika iya, kudu dinyatake. Yen wis ngendika abang kudu dinyatake abange, yen wis ngendika putuh kudu dinyatake putihe. Arepa piye yen salah kudu tak elingake, yen ora gelem eling, tak tandangi. Lha yen Werkudara sing tumandang salah, aku kudu mbenerake, yen ora gelem kudu tak tandangi. Lah kelakon aku didu karo mungsuh sing nunggal bayu. Dhi Werkudara, mandheg dhi.*

**Keterangan:**

*Sampak wudhar*, Anoman dientas mangiwa untuk mengejar Werkudara. Suasana *kayon*, tampak Aswatama yang sedang membawa kendaga, tampil dari gawang kanan, kemudian dientas ke gawangan kiri. Tampil Durna dari gawang kanan, *Sampak kasuwuk*, dilanjutkan adegan *gandrungan Banyumasan*, Durna sedang *gandrung* dengan Srikanthi. Buka vokal dari dalang, menyajikan tembang *macapat asmaradana*, kemudian dilanjutkan koor dengan *waranggana*. Ditengah-tengah *gandrungan*, lanjut *ginem*.

**ASWATAMA**

: Pak, pak.

**DURNA**

: Apa kulup Swatama.

**ASWATAMA**

: Bapak saweg pripun niku pak. Niki mpun badhe anjog wonten ing gua Sela Mangleng.

**DURNA**

: Pegawean pirang-pirang pegawean, masa ora rampung. Sing perlu, sing perlu.

**ASWATAMA**

: Ingkang perlu napa pak.

**DURNA**

: Koe leren dhisik, tekade Gua Sela Mangleng wis cedhak. Mengko yen wis mlebu gua Sela Mangleng, kendaga murih katampen dening Puthut Guntur Geni. Rampung, Gathutkaca Bimanyu diklethak, dadi dhaharaning belis kang dumunung ana sajeroning gua Sela Mangleng. Patine

*Gathutkaca ilang karo ragane, patine Bimanyu ilang karo ragane, melok-melok, pulung Srikandhi, ibumu, heeehh.*

- |          |   |
|----------|---|
| ASWATAMA | : Ampun ngalamun  |
| DURNA    | : Ora ngalamun.   |
| ASWATAMA | : Pak.  |
| DURNA    | : Kepriye kulup.  |
| ASWATAMA | : Mbok wonten lare ngarit mirengaken, isin.   |
| DURNA    | : Apa meneh dingerten dening wong ngarit, dingerten sapa wae ki pun bapa ora wirang, ora isin. Awit wis dadi pulunge, srikandhi ki ibumu nomer loro, heeehhh. |

Keterangan:

Dalang kembali melantunkan *tembang gandrungan*. Selesai *gandrungan*, dilanjutkan *ginem*.

- |          |   |
|----------|---|
| DURNA    | : Bujog. Yam-yam tilam prajiwatan, pagulingan, baya mirah, baya inten. Sri, ahh, Srikandhi.   |
| ASWATAMA | : Pak isin pak, mbok wonten lare mincing miring.  |
| DURNA    | : Alah, wong seneng li ora isin-isinan. Ko si ora maca layange ibumu, sing maca layange ibumu ki aku.   |
| ASWATAMA | : Serat.  |
| DURNA    | : Ibumu Srikandhi, saben minggu nglayangi aku, heehh. Layang tak tumpuk nganti nganti setempel loro kebek layange Srikandhi, nganti sakkathok ya kebek layange Srikandhi, ambune hroook, segre.   |
| ASWATAMA | : Ngarani seger, segre.   |
| DURNA    | : Wis meneng, meneng, bujog. Kinanthi panglipur wuyung (Durna nembang merga lagi gandrung karo Srikandhi).  |
| ASWATAMA | : Pak.  |
| DURNA    | : Iya, iya. Rerenggane prawan sunthi (dilanjutake koor karo para waranggana).   |
| ASWATAMA | : Pak.  |
| DURNA    | : Apa.  |
| ASWATAMA | : Bapak mpun sepuh, larasan gamelan sinaosa mboten kepireng, suantening gamelan pas pak.  |
| DURNA    | : Iya iya. Ahli, ahli, ahli. Apa koe ora ngerti.  |
| ASWATAMA | : Pripun pak.   |
| DURNA    | : Sindhen semana cacahe ki meguru karo aku kabeh, heehh. Jer basuki mawa beya, aku ora tau njaluki dhuwit marang murid, ning kudu ngerti mring kelangenane guru, heeehh. Sing sok ngerti ming gotik liyane tah ora (banyolan nggarapi para wiyaga). Isih cilik doyan ngingang, tapi pinjung tur mantesi (terusane cakepan gandrungan, koor karo pesindhen |

*lan wiraswara). Mendah lamun yen dewasa, bumi langit gonjang-ganjang (koor karo pesindhen lan wiraswara). Sri, Srikandhi. Yen koe pisah saka ing Madukara malah sangsaya kepenak uripmu, kepenak mulyamu. Sanadyan ta aku wis nduwe garwa, ning widadari kayangan, ora tau kembul ning marcapada. Mengko koe tak mbangunake omah neng pinggir kuburan, murih tentrem ayem, ora ana wong kang liwat, heehh. Sri, Srikandhi.*

ASWATAMA

: Pak, mbok wonten tiyang.

DURNA

: Aaa wis meneng. Heehh, kelingan rungonen neng kupingku, nalikane ngimpi Srikandhi, rengeng-rengeng, lengkah jajar karo aku. Ehh sapa ngerti putuku bisa nyambung, lagune padha sinsg kedunungan sejen. Saiki sing nembang Anggraini (dalang ngongkon salah sawijining waranggana kanggo nerusake tembang gandrungan, yaiku tembang rama-rama ana maling).

Keterangan:

*Tembang gandrungan rama-rama ana maling, Tembang gandrungan selesai, dilanjutkan pocapan.*

*Maruta warayang sumilir, angin ingkang mbekta gandanipun putra Jodhipati raden Antasena.*

Keterangan:

*Dalang selesai pocapan, kemudian dilanjutkan suluk ada-ada budhalan, laras pelog, cakepan enjing bidhal gumuruh, sembari mengeluarkan kayon sebagai gambaran kedatangan Antasena yang telah mengetahui keberadaan Aswatama dan Durna. Dalang selesai suluk, dilanjutkan ginem.*

ANTASENA

: Ndak waspadakake kok kaya tindake paman Swatama.

Eyang pendhita Durna yang, mandheg.

DURNA

: Bujog.

Keterangan:

*Gending Sampak Nem, laras pelog pathet nem. Durna dan Aswatama lari karena posisinya telah diketahui oleh Antasena. Antasena tanceb digawang kanan gedebog atas, sampak beralih menjadi Palaran. Palaran kasirep, Antasena ngudarasa.*

ANTASENA

: Iki cetha eyang pendhita Durna kaliyan paman Aswatama. Ndak sawang paman Swatama ki nggawa kendhaga, ning

*sorote kaya kendhaga dudu duweke titah ngarcapada. Lha eyang Durna karo aku ki msthine ora pangling, paman Swatama ya ora pangling. Tak aturi mandheg kok malah sangsaya banter, malah lumayu. Lha iki aku kudu netepi Wisageni lehe wanti-wanti, mlebu ning alas Sunya Pringga yen kepethuk wong nggawa gawan, ditakoni gawane apa, aku kudu ngerti isine sing digawa ki apa. Wisageni yen aweh pitedah ki mesthi ora baen-baen. Eyang pendhita, paman Swatama mandheg, kui nggawa apa yang.*

#### Keterangan:

Gending *Sampak Nem, laras pelog pethet nem*, Antasena mengeluarkan kelebihan yang ia miliki untuk menandingi musuhnya, hanya dengan mengayunkan tangannya ke depan dan belakang, Durna dan Aswatama tersedot hingga mendekat tepat dihadapannya. Antasena berhasil mengambil kendaga dari tangan Aswatama, kemudian dibawa pergi menjauh dari keduanya. Durna dan Aswatama kewalahan menghadapi kekuatan yang dimiliki Antasena, *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem* Durna dan Aswatama.

DURNA	: Berabeh. Lah kok bisa nganti direbut.
ASWATAMA	: Dipun rebut kok pak.
DURNA	: Apa wis ngerti yen nang njerone, isine Gathutkaca lan Bimanyu.
ASWATAMA	: Mboten. Kendhaga dipun rebat kemawon.
DURNA	: Tututi, tututi.

#### Keterangan:

Gending *Sampak Nem, laras pelog pathet nem*. Durna dan Aswatama dientas ke *gawangan* kanan. Aswatama bertemu dengan Antasena, *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

ASWATAMA	: Antasena, begal kowe.
ANTASENA	: Lah kok begal, begal kepriye.
ASWATAMA	: Kuwi gawanku.
ANTASENA	: Paman Aswatama aja sumelang, aja kuwatir. Aku mung kepengin ngerti, iki isine apa.
ASWATAMA	: Ora kena dibukak.
ANTASENA	: Eyang pendhita.
DURNA	: Kulup, Antasena ( <i>Durna njawab pitakonane Antasena saka kadohan</i> ).
ANTASENA	: Isine apa yang.

- DURNA : *Kulup Antasena, isine ki bensin. Bensin yen dibukak entong.*  
 ASWATAMA : *Ora kena dibukak.*

Keterangan:

Gending *Sampak Nem*, laras slendro pathet nem. Aswatama melarang Antasena untuk membuka isi kendaga, akan tetapi, Antasena bersikukuh tetap ingin membukanya agar dapat mengetahui isi kendaga tersebut, hingga terjadi perperangan antara keduanya. Aswatama gagal merebut kendaga dari tangan Antasena, datanglah Durna dengan membawa *samber nyawa*, iringan *Sampak suwuk*.

- DURNA : *Yen nganti dibukak ngerti isine, bilai. Bilai, Ko karo aku bisa diluluh kaya gadhu, diwasuh kaya lawe. Ora mbok balekake.*  
 ANTASENA : *Aku mung butuh ngerti isine apa kok yang. Ora njaluk ora papa, aku mung butuh ngerti.*  
 DURNA : *Ah ora kena, iki tampani (Durna nglepaske wasiat samber nyawa, katuju marang Antasena).*

Keterangan:

Gending *Sampak Nem*, laras slendro pathet nem, Durna melepaskan *samber nyawa* yang tertuju pada Antasena. *wasiat samber nyawa* mengenai kendaga yang dibawa Antasena, akan tetapi, kendaga tidak lepas dari genggaman Antasena. Antasena terpental jauh bersamaan dengan kendaga yang dibawanya, Durna kesal akan hal tersebut. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem* Durna dan Aswatama.

- DURNA : *Bilahi, Swatama.*  
 ASWATAMA : *Pripun pak.*  
 DURNA : *Tak tibani samber nyawa, sing kena kendhagane nanging ora owah, ora gingsir, tetep digondhol. Kegawa dayaning samber nyawa, iki ngko tiba bisa mbukak isine, ngamuk Antasena.*  
 ASWATAMA : *Bapak niku ketungkul nggandrung Srikandhi.*  
 DURNA : *Sing perlu, gandrung iku perlu. Aja kuwatir.*  
 ASWATAMA : *Lha mangke pripun, didangu kalih kakang resi Pujangga Dewa.*  
 DURNA : *Dhandhang diaturna kuntul, kuntul diaturna dhandhang. Durna ki biasa kecenthog menggok, ngerti.*  
 ASWATAMA : *Lha mangke dipun dangu, isinipun kendhaga wonten pundi,*

DURNA : *gampang, iku urusanku, tututi.*

Keterangan:

Gending *Sampak Nem, laras slendro pathet nem*. Durna dan Aswatama dientas ke gawangan kanan untuk mengejar Antasena yang terpental bersama kendaga, karena terkena kekuatan dari pusaka *samber nyawa*. Tampil Anoman dalam keadaan terbang, *sampak suwuk*, Anoman ngudarasa.

ANOMAN : *Hywang sukma abdi linangkung, mugi ingsun pinaringan karahayon. Malah nyata, Werkudara njujug mring papan dununge kakang Semar, arep ana apa iki.*

Keterangan:

Gending *Sampak Nem, laras slendro pathet nem*. Anoman dientas ke gawangan kiri untuk mengejar laju Werkudara. *Sampak* beralih menjadi *Ayak-ayak Nem, laras slendro pathet nem*, *kayon tanceb jejeg* di tengah gawangan, sebagai pertanda peralihan dari *pathet nem*, menjadi *pathet sanga/adegan gara-gara*. *Ayak-ayak suwuk*, dilanjutkan pocapan.

*Tumapak dumadi wonten gara-gara. Trajanging gara-gara temah ngrusak jagat, ingkang badhe wonten gara-gara, jagating ringgit, sanes jagating manungsa. Jagat kaprabawan sungkawanipun jimat urip wulu cumbu, pamong sejati, ki Badranaya. Tindakipun dyan Werkudara dereng dumugi wonten Karang Gumenggeng, sampun tinututan dening begawan Anoman. Anjog wonten ing Karang Gumenggeng, ing mriku ki Badranaya saweg lengkah mengkruk-mengkruk kaya angkruk, mengkrik-mengkrik kaya dhingklik, megogok kaya tenggok. Ngalamun ki Badranaya duk nalikane ndalu (sasmita gendhing).*

Adegan *gara-gara* selesai, dilanjutkan *ginem* antara Semar dan anak-anaknya, yaitu Bawor, Gareng, dan Petruk.

SEMAR : *Mbegegeg ugeg-ugeg sadulita. Nala Gareng, Petruk, Bawor. Heh, ana hawa sing ora ngepenaki ati. Nala Gareng, Petruk, Bawor, kumpul mrene. Aku kok sawang, aja padha kemedhep.*

Keterangan:

Gending *Sampak Sanga, laras slendro pathet nem*. *Sampak* beralih menjadi *Palaran*, Semar *tanceb* miring, bersender dikayon layaknya orang sedang tidur. Tampil Bawor dari gawang kiri, kemudian *tanceb* di belakang Petruk. *Palaran kasirep*, dilanjutkan *ginem*.

SEMAR	: <i>Kanthong.</i>
PETRUK	: <i>Ehm.</i>
SEMAR	: <i>Mba Ciblek diaturi.</i>
PETRUK	: <i>Kepriwe.</i>
SEMAR	: <i>Lehe ndhagel bebasan nembe 5 menit, kebagian mbenjing, enjing-enjing kula aturi ndhaggel piyambak wonten ngajeng. Lae-lae, mulih mring pagelaran Nala Gareng, Petruk, Bawor.</i>
BAWOR	: <i>Inyong anake wis bali ma. Arep dikongkon apa.</i>
SEMAR	: <i>Atiku ora kepenak. Nala Gareng, Petruk, Bawor, pada njaga biyungmu Kanistren.</i>

*Pocapan.*

*Swasana kang ora ngepenaki ati, leyeh-leyeh kanthi sedhakep saluku juga, mepeti babahan wiwara nawa. Masesa panca ndriya, catur kang binengkas sajuga kang sinidikara. "aku tak ngraga sukma sawetara Petruk".*

Keterangan:

*Gending Sampak Sanga, laras slendro pathet sanga. Semar ngraga sukma, sukma Semar keluar dari badannya. Sampak kasuwuk, dalang suluk ada-ada laras slendro pathet sanga, kemudian dilanjutkan pocapan.*

*Kados kukila mijil saking kurungane, mboten seda, ki lurah Semar ngraga sukma. Sukma mijil nilar raga, raga tinilar. Maruta gumrubug santer mindha banjir bandhang, aji jayasengara ingkang mijil saking anggane dyan Werkudara, dumugi Karang Gumenggeng. Mirsani ki Badranaya leyeh-leyeh, cinandhak kadya singa mangantara menda.*

Keterangan:

*Gending Sampak Sanga, laras slendro pathet sanga. Werkudara membawa pergi raga Semar. Sampak suwuk, dilanjutkan ginem.*

GARENG	: <i>Ndara Werkudara apa udu thong.</i>
PETRUK	: <i>Ndara Werkudara koh kae.</i>
BAWOR	: <i>Deneng si kaya kae lagune.</i>
PETRUK	: <i>Tututi kang.</i>
GARENG	: <i>Tututi.</i>

Keterangan:

*Gending Sampak Sanga, laras slendro pathet sanga. Petruk, Gareng, dan Bawor, mengejar Werkudara yang telah menculik Semar. Suasana kayon, tampil Anoman dan Wisanggeni dari gawang kanan. Sampak suwuk, dilanjutkan ginem.*

WISANGGENI ANOMAN	: Jeneng karondhen gawe wa. : Lha, wakmu Werkudara nyandhak kakang Semar. Digawa, digendhong, dicangklek. Tak tututi.
WISANGGENI ANOMAN	: Mengko dhisik, wis kadhung karondhen gawe. : Lha njur kepriye.
WISANGGENI ANOMAN	: Tututana, ning alon-alon wae. Yen perlu direbut, wa Semar aja nganti kegawa Kurawa. : Bagus.

Keterangan:

Gending *Sampak Sanga*, laras slendro pathet sanga. Anoman dientas ke kiri, sedangkan Wisanggeni dientas ke gawang kanan, terbang dan dientas ke gawang kiri. Werkudara tampil dari gawang kanan, dientas ke gawang kiri dengan membawa raga Semar, Werkudara berlari dengan kencang. Tampil Antasena yang tampak masih menggenggam erat kendaga, terpental dan melayang di udara, datanglah Wisanggeni menangkap Antasena. *Sampak* beralih menjadi *Ayak-ayak Sanga*, laras slendro pathet sanga, Wisanggeni membawa turun Antasena, kemudian *tanceb*. Antasena *tanceb* digawang kiri, gedebog atas, Wisanggeni *tanceb* digawang kanan, gedebog atas. *Ayak-ayak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

WISANGGENI ANTASENA	: Etung-etungane kakang Antasena kasoran.
WISANGGENI ANTASENA	: Iya, tak akoni.
WISANGGENI ANTASENA	: Perange.
	: Aku ngrebut kendhaga sing digawa dening paman Swatama, eyang pendhita ngagar-agar jimat, ngakune jimat samber nyawa. Tujune kang ketaman kendhaga iki, dudu awakku. Ning kendhaga iki klebu kendhaga wingit, ora renteng, ora pecah, malah aku kontal tiba nang kene. Tujune kepethiuk si adhi, Wisageni.
WISANGGENI ANTASENA	: Isine apa.
WISANGGENI ANTASENA	: Aku urung ngerti kok.
WISANGGENI ANTASENA	: Durung ngerti.
WISANGGENI ANTASENA	: Durung.
ANTASENA	: Kakang Antasena tak aturi sumisih dhisik, kendhaga tak bukake. Mengko yen wis tak ngerten, kakang Antasena tak aturi tindak mrene.
ANTASENA	: Bagus.

Keterangan:

Gending *Sampak Sanga*, laras slendro pathet sanga. Antasena dientas ke kanan, kemudian Wisanggeni maju mendekati kendhaga, gending *Sampak* beralih

menjadi *Palaran*. *Palaran* kembali menjadi *Sampak*, dalang membawakan *pocapan*, *Sampak kasirep*.

*Gancaring cariyos kedah karana nebihna kang cedhak, nyedhakake kang tebih. Raden Antasena sumisih, mboten kepareng mirsani isining kendhaga. Waskitha dyan Wisanggeni, dasar dewa penutup. Wisanggeni ngertos kalamun isining kendhaga kadang werdha kekalih, Angkawijaya, Gathutkaca. Ganda arum mangambar-ambar tumurun saking pengayunan petung liyung, gandane sekar klepu dewandaru. Dados srana Gathutkaca, Bimanyu, waluya jati, urip. cipta dening dyan Wisageni, kendhaga pecah, njrebabah raseksa geng sakgiri sutra gedhene.*

#### Keterangan:

Gending *Sampak Sanga*, laras slendro pathet sanga. Wisanggeni mengubah kendaga yang berisi Gatutkaca dan Abimanyu menjadi raksasa, *Sampak suwuk*.

#### WISANGGENI

: *Yektine kakang Gathutkaca, ning kakang Bimanyu. Durung entek tulising uripe, ning durung bisa obah. Urip durung bisa ngobahake slira, luput penyuwunku. Aku nyuwun kaliyan sukmane wa Semar kersa mlebu mrene wae wa.*

#### Keterangan:

Gending *Sampak Sanga*, laras slendro pathet sanga. Sukma Semar yang telah meninggalkan raganya, masuk ke dalam raga raksasa yang dicipta oleh Wisanggeni. Rasaksa jogedan, kemudian tanceb digawang kiri, gedeboq atas. Wisanggeni tanceb digawang kanan, gedeboq atas. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

#### RAKSASA

: *Eee ladalah. Hong tete kala ludra raja dewaku. Aku urip, ning ngampil raga mring momonganku kekalih sing durung bisa ngobahake slira. Aku nyuwun pegawean, lan aku nyuwun diparingi jeneng.*

#### WISANGGENI

: *Tak jenengi Digya Sapu Jagat.*

#### RAKSASA

: *Lelakone.*

#### WISANGGENI

: *Nyaponi menungsa sing padha nerak trapsila, nyaponi marang menungsa sing padha ngumbar dur angkara murka, mandhegani watak candhala, budi nasar. Teka marang Ngastina, yen wani tandhingana Pujangga Dewa.*

Keterangan:

Gending *Sampak Sanga, laras slendro pathet sanga*. Raksasa yang telah diberi nama Digya Sapu Jagat oleh Wisanggeni, dientas ke kiri. Antasena datang menghampiri Wisanggeni, *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

ANTASENA	: <i>Lah kok dadi ana buta semana gedhene.</i>
WISANGGENI	: <i>Ora usah takon. Bab buta kae, ingkang cetha buta kae ki kadangmu ya kadangku.</i>
ANTASENA	: <i>Aku mireng dijenengi.</i>
WISANGGENI	: <i>Digya Sapu Jagat.</i>
ANTASENA	: <i>Nyambut gawene.</i>
WISANGGENI	: <i>Ngresiki sing padha nerak wewaler.</i>
ANTASENA	: <i>Cocog.</i>
WISANGGENI	: <i>Marang Ngastina, tututi dadi pangoning buta kae.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Sanga, laras slendro pathet sanga*. Antasena dientas ke kiri, Wisanggeni dientas ke kanan, kemudian terbang dan dientas ke kiri. Wisanggeni bertemu dengan Bawor, Wisanggeni *tanceb* digawang kanan, *gedebog* atas, Bawor *tanceb* digawang kanan, *gedebog* bawah. *Sampak kasuwuk*, dalang *Suluk Pathetan Manyura Wantah, laras slendro pathet manyura*, kemudian dilanjutkan *ginem*.

BAWOR	: <i>Kula saweg ngoyok-oyok ndara Werkudara, nyangklek ramane. Suku kaliyan tangan kampleh-kampleh, napa ramane anu ming tilem mawon, nama anu mpun mboten wonten.</i>
WISANGGENI	: <i>Cekake koe nututi aku ya. Koe melu aku.</i>
BAWOR	: <i>Ndara Werkudara tindak Ngas.</i>
WISANGGENI	: <i>Aja nyang Ngastina dhisik, koe ngetutna aku. Kae Nala Gareng, Petruk supaya ngetutake aku.</i>
BAWOR	: <i>Inggih.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura, laras pelog pathet manyura*. Wisanggeni dan Bawor dientas ke kiri. Suasana *kayon*, tampil Puthut Guntur Geni di gua Sela Mangleng. Puthut Guntur Geni sedang menanti kedatangan Pujangga Dewa, untuk memberinya makanan, yaitu berupa mayat Gathutkaca dan Abimanyu. *Sampak suwuk*, dalang *Suluk Ada-ada Banyumasan*.

PUTHUT GUNTUR GENI : *Eee ladalalah. Kece-kece wali kece sadat setan wali kobra. Aku urip aneng sakjeronging Gua Sela Mangleng. Kakangku Pujangga Dewa ora nyata lehe*

*janji karo aku. Kakang Pujangga Dewa yen wis urip kepenak aneng kraton Ngastina, bakal ngirim aku kunarpane putra pandhawa, kok nganti seprene ora ana kasunyatane. Wong janji kudu netepi, ora netepi janji, aluwung aku metu saka gua Sela Mangleng. Kakang Pujangga Dewa, yen ora netepi janji, ngamuk aku.*

#### Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras pelog pathet manyura. Puthut Guntur Geni dientas ke kanan untuk menemui Pujangga Dewa di negara Astina. Suasana *kayon*, Puthut Guntur Geni bertemu dengan Wisanggeni, *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

PUTHUT GUNTUR GENI


WISANGGENI

#### Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras pelog pathet manyura. Terjadi perang Antara Wisanggeni dan Puthut Guntur Geni, Puthut Guntur Geni kalah, kemudian berubah menjadi wujud semula, yaitu 2 buah busana. Wisanggeni menghampiri busana tersebut. *Sampak suwuk*, dalang *Suluk Ada-ada Manyura*, laras pelog pathet manyura.

WISANGGENI

: *Sekawit wujude, ragane sak lumbung puter. Awake pating plethak. Pating plethak kanggo sesingidane gegremetan kang*



: *Eee ladalah. Kece-kece wali kece sadat setan wali kobra. Bocah cilik enthik, apa bocah bajang.*

: *Jenenganku padha karo jenenganmu.*

: *Haaa.*

: *Padha karo jenenganmu. Aku menungsa lumrah.*

: *Jenenganmu padha karo.*

: *Karo jenenganmu.*

: *Lha jenenganmu.*

: *Guntur Geni aku.*

: *Guntur Geni tuli aku.*

: *Padha ni ne, Gunture ngarep ora padha.*

: *Kasunyatan.*

: *Wisageni.*

: *Magangi lehku bakal ngoyak kadangku, Pujangga Dewa.*

: *Kena mrana, yen wis ilang wujudmu.*

: *Iyoooh.*

*mawa wisa, Guntur Geni jenengane. Tak tibani nganggo dayaning nala agni, ilang wujuding buta dadi ageman rong rupa. Lha iki sandhangane sapa iki, siji cilik siji gedhe. Petruk, Petruk, Petruk.*

Keterangan:

Gending Sampak Manyura, laras pelog pathet manyura. Wisanggeni memanggil Petruk, tampil Petruk dan Gareng menghadap Wisanggeni, Sampak suwuk, ginem.

PETRUK	: <i>Lha niki agemane sinten den.</i>
GARENG	: <i>Agemane sinten ndarane.</i>
WISANGGENI	: <i>Ora usah takon. Petruk koe nggawa sing gedhe, gareng nggawa sing cilik. Iki dinggo mengko, yen Ngastina wis ana ontran-ontran.</i>
PETRUK	: <i>Nggih.</i>

Keterangan:

Gending Sampak Manyura, laras pelog pathet manyura. Petruk dan Gareng dientas ke kiri dengan membawa busana. Tampil Bawor dari gawangan kiri, kemudian tanceb di gawang kiri, gedebog bawah. Sampak suwuk, dilanjutkan ginem.

WISANGGENI	: <i>Kok keri kowe.</i>
BAWOR	: <i>Wong Kanthong mlajar krihin kalih Gareng. Nika sami mbekta sandhangane sinten. Gareng piyambak. Kanthong dewekan.</i>
WISANGGENI	: <i>Dinggo si Petruk karo si Gareng, ning yen Ngastina wis ana ontran-ontran.</i>
BAWOR	: <i>Lha kula ngangge pundi.</i>
WISANGGENI	: <i>Anane mung loro kae kok.</i>
BAWOR	: <i>Lha napa kula ken wutuhan kaya niki. Nggih wujud napaha kula nggih digenti sandhangane lah.</i>
WISANGGENI	: <i>Yen ngono, koe mrene tak genti wujudmu, sandhangan kang lewih apik (Wisanggeni lan Bawor kaentas manengen, kanggo ndandani sandhangane Bawor, ning Wisanggeni banjur ngganti wujude Bawor dadi celeng, adegan iki kanggo kebutuhan humor).</i>
BAWOR	: <i>Hoo laaaah.</i>
WISANGGENI	: <i>Cukup.</i>
BAWOR	: <i>Ning jane niki Mandan seret kaya niku.</i>
WISANGGENI	: <i>Lho, mlakune aja ngana.</i>
BAWOR	: <i>Anu kepripun.</i>

WISANGGENI	: <i>Mlakune aja kaya ngana.</i>
BAWOR	: <i>Lha.</i>
WISANGGENI	: <i>Ndhengkul, ndhengkul.</i>
BAWOR	: <i>Nah.</i>
WISANGGENI	: <i>Mlaku (Wisanggeni ngajari Bawor mlaku kaya dene kewan celeng).</i>
BAWOR	: <i>Mengkin kaya celeng kula.</i>
WISANGGENI	: <i>Lah pancen wujudmu wis kaya celeng kok Wor, Wor. Sepuluh-puluh, wujudmu kang kaya ngana iku mengko pulih wujud Bawor, yen wis teka ana negara Ngastina Wor.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras pelog pathet manyura. Wisanggeni dientas ke kiri. *Sampak suwuk*, Bawor ngudarasa.

BAWOR	: <i>Malah inyong dadi celeng. Hoo laah, ora papa, angger dadi celeng mengko ketemu karo bakul bakso, tek oyok bakule. Baksone detinggal, tek ntongna aku, masa oraha.</i>
-------	--

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras pelog pathet manyura. Bawor yang telah berubah wujud menjadi babi hutan, dientas ke gawang kiri. Suasana kayon, tampil resi Pujangga Dewa dari gawang kanan, kemudian tanceb di gedebog atas, gawang kanan. Tampil Durna dari gawangan kiri, *Sampak suwuk*, dilanjutkan dalang *Suluk Gambyakan/Jineman Banyumasan*. Dalang selesai *Suluk*, dilanjutkan *ginem*.

PUJANGGA DEWA	: <i>Bapa pendhita.</i>
DURNA	: <i>Nuwun dhawuh timbalan menapa, anak resi Pujangga Dewa.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Pikantuk panggang Semar menapa mboten.</i>
DURNA	: <i>Pikantuk, pikantuk. Mangke.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Lajeng samber nyawa.</i>
DURNA	: <i>Wonten kula.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Kunarpa kekalih sampun katampi dening adhi kula Putut Guntur Geni menapa dereng.</i>
DURNA	: <i>Sampun, sampun. Sampun dipun dhahar, kalih-kalihipun sampun telas, nah. Naming kantun dhus suwung.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Kula kok kirang pitados. Kula kirang pitados. Cobi, samber nyawa mriki, wangsal dhateng kula.</i>

**Keterangan:**

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Durna mengembalikan samber nyawa kepada Pujangga Dewa. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

**PUJANGGA DEWA**

: *Kula mboten pitados. Ewa semanten mboten napa-napa, ning mangke menawi wonten menapa-menapa, bapa Durna ingkang kula dadosaken bebanten.*

**DURNA**

: *Inggih, inggih. Lajeng kados pundi sakyektosipun, anak kula Werkudara mboten pinanggih kaliyan kula.*

**PUJANGGA DEWA**

: *Niki malah wangsul niki.*

**Keterangan:**

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Durna dientas ke gawangan kanan. Tampil Werkudara dari gawangan kanan, datang dengan membawa raga Semar, kemudian *tanceb* digawang kanan, *gedebog* atas. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *Palaran*, dengan vokal dalang. *Palaran* selesai, dilanjutkan *ginem*.

**PUJANGGA DEWA**

: *Raden Werkudara.*

**WERKUDARA**

: *Pujangga Dewa piye.*

**PUJANGGA DEWA**

: *Iki wis seda apa durung.*

**WERKUDARA**

: *Mati lan orane aku ora bisa mratelakake. Aku teka ana Karang Gumenggeng, lagya ngleleh Semar kakangku. Ndak cangklek tekan kene, ora obah, ora ngalisik.*

**JANAKA**

: *Kangmas, kados pundi.*

**Keterangan:**

Gending *Sampak Tlutur*, laras slendro pathet manyura. Janaka keluar dari *dodot* Werkudara, kemudian *tanceb* di *gedebog* bawah, menghadap raga Semar. *Sampak Tlutur*, laras slendro pathet manyura *suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

**JANAKA**

: *Mboten nyana, kakang Semar dipun damel mekaten kangmas.*

**WERKUDARA**

: *Dudu karepku. Aku teka mrana, Semar kaya ngana anane.*

**PUJANGGA DEWA**

: *Raden Werkudara.*

**WERKUDARA**

: *Pujangga Dewa.*

**PUJANGGA DEWA** : *Digawa sumisih. Kasunyatane Werkudara bisa nekakake Semar sing wis kaya ngana iku wujude. Janaka sisihake, aku tak ngertenii Semar ki kepriye iki.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Werkudara menggendong Janaka, dan dientas ke gawangan kanan. Tampil Kertipeya dari gawang kiri, kemudian tanceb di gedebog bawah, gawang kiri. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *Palaran*, dengan vokal dalang. *Palaran* selesai, *ginem*.

<b>KERTIPEYA</b>	: <i>Eee ladalah, bapa guru.</i>
<b>PUJANGGA DEWA</b>	: <i>Sing ati-ati. Wani nggawa Semar marang tengahing alun-alun.</i>
<b>KERTIPEYA</b>	: <i>Wantun.</i>
<b>PUJANGGA DEWA</b>	: <i>Mengko yen wis tekan ing alun-alun, diobong. Dipanggang Semar.</i>
<b>KERTIPEYA</b>	: <i>Ngestokaken, menawi kula sampun netepi kersanipun bapa guru, penyuwun kula kedah dipun laksanakaken.</i>
<b>PUJANGGA DEWA</b>	: <i>Aja sumelang.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Kertipeya dientas ke kiri dengan membawa raga Semar, untuk dibawa ke Alun-alun Astina. Pujangga Dewa dientas ke kiri. Kertipeya tiba di alun-alun Astina, *Sampak suwuk*.

<b>KERTIPEYA</b>	: <i>Eee ladalah. Nyata-nyata Semar wis ora iso ngobahna raga, mesthine sukma jati wis ninggal raga jati. Kadang kurawa.</i>
<b>KURAWA</b>	: <i>Nuwun kula, nuwun kula, nuwun kula.</i>
<b>KERTIPEYA</b>	: <i>Nggawa gerangan wesi, nggawa kayu garing, Semar tak obong, dipanggang wae.</i>
<b>KURAWA</b>	: <i>Dipanggang, dipanggang.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Kertipeya dientas ke kanan. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *pocapan*.

*Ki Badranaya nglumbarah wonten sakmadyaning alun-alun kraton Ngastina. Kacarios, raseksa ngedadiyanipun Purbaya, Bimanyu, dumugi wonten alun-alun kraton Ngastina. Cinandhak raganipun ki lurah Semar.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Tampil Digya Sapujagat dari gawangan kiri, memeluk raga Semar. *Tanceb* di gawang kiri gedebog bawah, menghadap raga Semar. *Sampak suwuk*, dalang *Suluk Sendhon Tlutur*, laras slendro pathet manyura. Dalang selesai *Suluk*, Digya Sapu Jagat ngudarasa.

**SAPU JAGAT**

: *Eee ladalah. Bisa kelakon wa Semar nglumbarah, ning nyata iki durung ntong tulising uripe. Tak sisihake, aku tak ngamuk ana ing kraton Ngastina.*

Keterangan:

Gending *Sampak Slendro Manyura*. Sapu Jagat dientas ke kiri dengan membawa raga Semar untuk diamankan. Sapu Jagat tampil dari gawangan kiri, kemudian dientas ke gawangan kanan untuk melawan Kurawa beserta sekutunya. Sapu Jagat yang melihat Kertipeya dari kejauhan, langsung menghajarnya, Kertipeya kalah. Tampil Pujangga Dewa dari gawangan kanan, *Sampak suwuk*.

**PUJANGGA DEWA**

: *Jagat dewa ya bathara, bilahi. Iki buta dudu buta sakwantahé, ngedadiyane sapa iki.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro manyura. Pujangga Dewa mengeluarkan *samber nyawa*, dan diarahkan kepada Digya Sapu Jagat. Tampil Digya Sapu Jagat dari gawangan kanan, bersamaan dengan *samber nyawa* mengenai tubunya, hingga berubah wujud seperti semula menjadi raga Gatutkaca dan Abimanyu. Raga Gatutkaca dan Abimanyu terpental, kemudian selang beberapa waktu, munculah sukma keduanya, dan masuk ke raga masing-masing. Gatutkaca dan Abimanyu pulih kembali, kemudian dientas bersamaan ke kiri. Tampil Wisanggeni dari gawangan kanan, *tanceb* di gedebog atas, gawang kanan. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem* antara Wisanggeni dan Antasena, posisi Antasena tidak digambarkan/tidak ditampilkan dikelir.

**WISANGGENI**

: *Kakang Antasena.*

**ANTASENA**

: *Adhiku Wisageni.*

**WISANGGENI**

: *Buta ngedadiyane apa.*

**ANTASENA**

: *Lha kok koe ora kandha karo aku, aku kaget. Lha kok ngedadiyane kakang Gathutkaca karo Bimanyu.*

**WISANGGENI**

: *Nanging.*

**ANTASENA**

: *Nanging wis urip, bebarengan kakang Gathutkaca iki, Bimanyu.*

**WISANGGENI**

: *Sing ngati-at i lho.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura, Wisanggeni dientas ke kiri. *Sampak* beralih menjadi *Palaran*, Wisanggeni bertemu dengan raga Semar, kemudian memeluknya. *Palaran* selesai, wisanggeni *tanceb* di depan raga Semar.

**WISANGGENI**

: *Wa Semar, wa Semar. Mula-mula lagya dadi lelakon, wa Semar. Iki mengko yen wa Semar bisa waluya jati, urip, aku ngerti. Tak bedhe wa Semar ki durung entek tulising uripe, durung ana bratayuda kok umpama wa Semar wis kondur mring kasedan jati, ora bener, pakeme ora cocog. Tak suwun balining sukma, pukulun kaki Wenang sing tak suwun.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Wisanggeni bersedekap, memuja Sang Hywang Wenang, agar sukma Semar bisa kembali ke raganya, *Sampak suwuk*.

**SUKMA SEMAR**

: *Wisageni, Gathutkaca Bimanyu wis waluya jati. Aku sekawit tak nunut mrana. Aku metu saka ragane satriya kang padha kondur mring kasedan jati, ning wis mulih, aku tak mapan aneng ragaku dhewe.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura, sukma Semar masuk ke raganya, Semar hidup kembali. *Sampak suwuk*, dalang *Suluk*, kemudian dilanjutkan *ginem*.

**WISANGGENI**

: *Wa Semar.*

**SEMAR**

: *Inggih pripun.*

**WISANGGENI**

: *Apa kersamu.*

**SEMAR**

: *Eh kajenge Pujangga Dewa kula garape.*

**WISANGGENI**

: *Esih ngasta samber nyawa.*

**SEMAR**

: *Mboten wedi kula kalih samber nyawa. Dereng wonten samber nyawa, mpun wonten Semar. Semar niku, gesang kula niku sareng kalih uripe Sartini, kaya niku (banyolan).*

**WISANGGENI**

: *Tak aturi sumisih wa.*

**SEMAR**

: *Inggih.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura, Wisanggeni dientas ke kiri, Semar dientas ke kanan. Tampil Pujangga Dewa dari gawangan kanan dengan membawa *samber nyawa*. Pujangga Dewa *tanceb digedebog* atas, gawang kanan, *Sampak suwuk*.

**PUJANGGA DEWA** : *Adhuh, Gathutkaca urip, Bimanyu urip, malah Semar melu urip. Samber nyawa mungsuhamu.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Pujangga Dewa melepaskan *samber nyawa*, tertuju pada Semar. Tampil Semar dari gawangan kiri, *samber nyawa* tidak mengenai Semar, melainkan jatuh dihadapannya. *Sampak suwuk*.

**SEMAR** : *Aja kleyang-kleyong, aja mandheg mayong. Cecepen getihku, lebokna landheping wasiatmu, ayuh bles, bles, bles, ayo bles, babonganmu. Apa dianggep aku ora ngerti karo raimu, apa dianggep aku ora ngerti karo babonganmu. Tek tugel-tugel.*

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura, *samber nyawa* dipatahkan Semar, hingga berubah wujud menjadi seperti semula, yaitu sukma Sentanu. *Sampak suwuk*, dilanjutkan *ginem*.

**SEMAR** : *Babonganmu. Sentanu, Sentanu. Nalika koe isih urip, koe drengki, jail, methakil, karo kanca, karo sedulur, karo wong tua. Nganti tumeka koe wis ati, mulane koe ora mlebu maring pengayunaning gusti, koe leren neng surga pengrantunan, saka ganjaran uripmu ki jail methakil. Apa aku dianggep ora ngerti, ko dadi ratu ning Tembelang Suket, bojomu seda. Ratu Ngastina, gustiku Palasara kondur mring kasedan jati, ninggal bojo, ninggal randha, Durgandini. Ko dudha, Durgandini randha. Ko ratu Tembelang Suket, Durgandini tinggalane ratu Ngastina, ko nglamar, ketheker, ketheker, nglamar, babonganmu. Yen nglamar randha kue patut, gyeh Sentanu, nalikane urip ko kue jail methakil, uripmu ratu sugih raja brana, ning ndina-ndina, mengi-mengi, mung nglinteri bojone kanca (banyolan). Babonganmu, ayoh, apa dianggep ora ngerti. Sentanu.*

**SENTANU** : *Kakang Semar.*

**SEMAR** : *Ora usah kakang-kakang, wong aku ora ngarah mbakayumu. Eling-elinga, saiki koe kelakon ketemu karo aku, ayuh, arep mulih mring kasedan jati, ora bisa tekan mring pengayunaning gusti.*

*Wong nandur ki mesthi ngunduh, tanduranmu ki ala, ala boa. Kebangeten, yen mung ngeruk dunyaning sedulur, dunyaning mungsuh, ora pati-pati gawe sakit mring atine liya. Sing nggedhekaken gawe lara mring kanca-kancamu lan sedulur-sedulurmu, bojone dirusuih. Nganti tumeka kie mau, kondur mring kasedan jati, esih jail methakil, ayuhh. Ndheplak-ndheplaka, ngomong-ngomongo (semar ngajar Sentanu).*

- |         |   |
|---------|---|
| SENTANU | : <i>Kakang Semar.</i>  |
| SEMAR   | : <i>Iya kepriye.</i>   |
| SENTANU | : <i>Yen aku ngarikh-arikh Durgandini, randhane Palasara, iku memper.</i>   |
| SEMAR   | : <i>Lha sebabe.</i>  |
| SENTANU | : <i>Durgandini randha, aku dhudha. Aku dudha arep ngrah randha, aku nggawa negara Tembelang Suket, negara diblengket dadi siji diarani negara Ngastina. Ngastina ki blengketane negaraku, lan tinggalane Palasara, aku ora wenang njaluk balining negaraku.</i>  |
| SEMAR   | : <i>Mengko, sabar, sabar, sabar, sabaaaar, babonanmu. Negaramu Tembelang Suket sing wis diblengket dadi negara Ngastina, ora kena dijaluk maning, sebabe iku negaramu ngge ngiseni kudangan, dudu gawan. Angger gawan kena njaluk bali, kena dijaluk bali, ning kudangan ilang, kudangan ki ilang. Durgandini gelem dadi garwamu, nanging kudangane negaramu dadi siji, diarani negara Ngastina. Negaramu ki ws kanggo tuku randha, babonanmu.</i> |
| SENTANU | : <i>Ya wis kakang Semar, aku dingapurani. Sepisan iki, sakbacute aku ora bakal gawe sengsara kaliyan momonganmu.</i>   |
| SEMAR   | : <i>Sepisan maning babonanmu tak lebokake mring kawah candradimuka.</i>  |

#### Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Sukma Sentanu dientas ke atas, digambarkan pulang ke tempat asalnya, Sedangkan Semar dientas ke kanan. Tampil Pujangga Dewa dari *gawangan* kanan, lari ketakutan ketika melihat Semar masih hidup, kemudian dientas ke kanan tiga *rambahan*, dan disusul Kertipeya yang mengikutinya dari belakang. *Sampak suwuk*.

- |               |   |
|---------------|---|
| PUJANGGA DEWA | : <i>Loh, agemanku nang sakjeroing Gua Sela Mangleng wis ora nana. Sapa iki kang ndustha.</i> |
|---------------|---|

#### Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura, Pujangga Dewa dientas ke kanan. Pujangga Dewa bertemu dengan Gareng yang membawa busananya, *Sampak suwuk*.

PUJANGGA DEWA	: <i>Nala Gareng.</i>
GARENG	: <i>A'ah.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Nala Gareng.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>A'ah.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>Koe sing njukut agemanku.</i>
GARENG	: <i>Ora tedheng aling-aling kie, sandhangane neng aku. Kon dinggo nginyong kaya kue.</i>
PUJANGGA DEWA	: <i>ora gelem mbalekake marang aku, apa lara sing mbok jaluk. Tak rebut.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Pujangga Dewa merebut busananya dari tangan Gareng. Pujangga memakai busana tersebut, kemudian berubah wujud seperti semula, menjadi Togog. Togog bertemu Gareng, *Sampak suwuk*.

TOGOG	: <i>Uwis lah, Reng. Wong koe tuli keponakan, aku tuli wakmu.</i>
GARENG	: <i>Sing dadi Pujangga Dewa.</i>
TOGOG	: <i>Genah inyong lah.</i>
GARENG	: <i>Sing prentah.</i>
TOGOG	: <i>Prabu Suyudana.</i>
GARENG	: <i>Diiming-imungi apa.</i>
TOGOG	: <i>Angger aku bisa gawe patine Gathutkaca Bimanyu, aku arep digawe wong sing kepenak uripe, awan mbengi ora kon nyambut gawe, mung mangan sare, mangan sare. Mangane enak, serene lali, denggoletna bojo ayu.</i>
GARENG	: <i>Siki manuta tek banda, mlebu neng pakunjaran, yuh.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Gareng menyeret Togog untuk dihukum, dimasukan ke penjara. Gareng dan Togog dientas ke kanan secara bersamaan. Tampil Kertipeya dari *gawangan* kanan, dientas ke kanan. Kertipeya bertemu dengan Petruk yang membawa busananya, *Sampak suwuk*.

KERTIPEYA	: <i>Eee ladalah. Koe sing nggawa sandhanganku sakjeroning Gua Sela Mangleng, sing wujud dadi buta.</i>
PETRUK	: <i>Mati-matian tak lakoni.</i>
KERTIPEYA	: <i>Eeiit.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak Manyura*, laras slendro pathet manyura. Kertipeya merebut busananya dari tangan Petruk, kemudian memakainya, dan berubah wujud seperti semula menjadi Sarawita. Sarawita bertemu dengan Petruk, *Sampak suwuk*.

SARAWITA	: <i>Ngalih lah, ngalih lah. Inyong anu asih wedi inyong, inyong anu cewe sing urung kesenggol cowo inyong.</i> Ngalih lah.
PETRUK	: <i>Gyeh, wa Rita.</i>
SARAWITA	: <i>Ngapa lah.</i>
PETRUK	: <i>Wong salah kudu nampa paukuman.</i>
SARAWITA	: <i>Ukumane.</i>
PETRUK	: <i>Dikunjara neng Ngastina.</i>
SARAWITA	: <i>Iyuh.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak*, laras slendro pathet manyura, Petruk membawa Sarawita untuk dipenjara di Astina, keduanya dientas ke kanan. Tampil Bawor yang telah berubah wujud menjadi babi hutan, dan bertemu dengan Durna, kemudian iringan *Sampak suwuk*.

BAWOR	: <i>Cekake ora aweh dhuit semendhing-mendhinge limang juta, dadi apa.</i>
DURNA	: <i>Adhuh.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak*, laras slendro pathet manyura, Bawor menghajar Durna. Tampil Aswatama dari gawangan kiri, *Sampak sirep*, dilanjutkan *ginem*.

ASWATAMA	: <i>Parat, parat.</i>
DURNA	: <i>Swatama, ana celeng ngrogoyih sak, Swatama.</i>
ASWATAMA	: <i>Parat, mati dening aku.</i>

Keterangan:

Gending *Sampak wudhar*, Aswatama mengejar babi hutan, dan menghajarnya, kemudian berubah seperti semula menjadi Bawor. Aswatama *tanceb* digawang kiri, *gedebog* atas, *Sampak suwuk*.

ASWATAMA	: <i>Lah kok malah ngedadiyane Bawor wong edan. Bawor, tugel gulumu, tigas pancing koe.</i>
----------	---

Keterangan:

Gending *Sampak*, laras slendro pathet manyura. Aswatama dientas ke kanan, mengejar Bawor. Aswatama bertemu dengan Werkudara, *Sampak suwuk, ginem*.

ASWATAMA : *Bawor tak jaluk patine.*  
WERKUDARA : *Orek-orek dhadhamu.*

Keterangan:

Gending *Orek-orek Banyumasan*, Werkudara menghajar Aswatama, Aswatama kalah. Werkudara *njoged/tayungan Banyumasan*, gending *Kaki Tunggu Jagung*, laras slendro pathet manyura. Werkudara bertemu Semar, gending *suwuk*.

SEMAR	: <i>Bendara kula Werkudara.</i>
WERKUDARA	: <i>Semar kakangku.</i>
SEMAR	: <i>Kang putra, ndara kula Gathutkaca sampun waluya jati, ndara Bimanyu sampun waluya jati. Kula badhe minggah wonten ing kayangan, nyuwun dipun adili kalih bethara Guru, adhi kula. Kula badhe nyuwun pituwas, penjenengan lan kula saklami niki dipun damel sengsara.</i>
WERKUDARA	: <i>Mangsa bodoa Semar kakangku.</i>
SEMAR	: <i>Nanging minggaipun dhateng kayangan, nyuwun ganjaraning dewa, sanes dinten kemawon.</i>
WERKUDARA	: <i>Sebabe.</i>
SEMAR	: <i>Dinten menika sampun wancinipun kedah kendel. Mbok ngantos ketungkak surya gemepetan minggah dadya banyu, sasat wonten rupinipun.</i>
WERKUDARA	: <i>Semar aku maturnuwun.</i>
SEMAR	: <i>Nggih. Dusun Tunjung mriki memetri bumi, ruwat bumi. Wekdal siang kula ngertos donganipun ki dalang ruwat, nyuwun dhateng gusti ingkang kawasa ing jagat, ingkang dipun suwun, mugi-mugi bumi Tunjung menika dados loh jinawi, tulus ingkang sarwa tinandur. Jim, setan, peri, prayangan, sampun ngantos angganggu damel kesarasnipun warga masyarakat ing Tunjung.</i>
WERKUDARA	: <i>Ngana.</i>
SEMAR	: <i>Nggih. Dipun suwunaken warga masyarakat ing Tunjung menika sami guyub rukun, sesarengan mbangun dhusunipun.</i>
WERKUDARA	: <i>Semar kakangku.</i>

**SEMAR**

: *Mangga kula dherekaken nyenyuwun. Mugi-mugi (buka celuk Gending Ayak Pamungkas, laras slendro pathet manyura).*

**Keterangan:**

*Gending Ayak Pamungkas, laras slendro pathet manyura, kemudian tanceb kayon.*

